

SERAT SULUK
NAGA KRIDHA SAPANA

Direktorat
Kebudayaan

2

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Milik Depdikbud
Tidak diperdagangkan

899.272
SLA
S

SERAT SULUK NAGA KRIDHA SAPANA

Penulis : Drs. Slamet Ds.
Endang Susilastuti
Drs. Abdul Rohman

Editor : Dr. Anhar Gonggong

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DIREKTORAT SEJARAH DAN NILAI TRADISIONAL
PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA

1991/1992

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

Usaha untuk mengetahui dan memahami kebudayaan daerah lain selain kebudayaan daerahnya sendiri lewat karya-karya sastra lama (naskah kuno) merupakan sikap yang terpuji dalam rangka pengembangan kebudayaan bangsa. Keterbukaan sedemikian itu akan membantu anggota masyarakat untuk memperluas cakrawala budaya dan menghilangkan sikap etnosentris yang dilandasi oleh pandangan stereotip. Dengan mengetahui dan memahami kebudayaan-kebudayaan yang ada dan berkembang di daerah-daerah di seluruh Indonesia secara benar, maka akan sangat besar sumbangannya dengan pembinaan persatuan dan kesatuan bangsa.

Untuk membantu mempermudah pembinaan saling pengertian dan memperluas cakrawala budaya dalam masyarakat majemuk itulah pemerintah telah melaksanakan berbagai program, antara lain dengan menerbitkan buku-buku yang bersumber dari naskah-naskah lama seperti apa yang diusahakan oleh Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara. Mengingat arti pentingnya usaha tersebut, saya dengan senang hati menyambut terbitnya buku yang berjudul "Serat Suluk Naga Kridha Sapana".

Saya mengharapkan dengan terbitnya buku ini, maka penggalan nilai budaya yang terkandung dalam naskah lama yang ada di daerah-daerah di seluruh Indonesia dapat lebih ditingkatkan sehingga tujuan pembinaan dan pengembangan kebudayaan nasional yang sedang kita laksanakan dapat segera tercapai.

Namun demikian perlu disadari bahwa buku-buku hasil penerbitan Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara ini baru merupakan langkah awal, dan ada kemungkinan masih terdapat kelemahan dan kekurangan. Diharapkan hal ini dapat disempurnakan di masa yang akan datang terutama yang berkaitan dengan teknik pengkajian dan pengungkapannya.

Akhirnya saya mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah membantu penerbitan buku ini.

Jakarta, Nopember 1991
Direktur Jenderal Kebudayaan



Drs. GBPH. Poeger
NIP. 130 204 562

KATA PENGANTAR

Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Nusantara, Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional, Direktorat Jenderal Kebudayaan telah mengkaji dan menganalisis naskah-naskah lama di antaranya naskah Kuno Jawa yang berjudul Serat Suluk Naga Kridha Sapana isinya tentang Agama dan Ajaran budiluhur.

Nilai-nilai yang terkandung di dalam naskah ini adalah nilai Pendidikan, Nilai Sosial Budaya, Nilai Sistem Keekerabatan di Lingkungan Kraton, yang dapat menunjang pembangunan, baik fisik maupun spirituil.


Kami menyadari bahwa buku ini masih mempunyai kelemahan-kelemahan dan kekurangan-kekurangan. Oleh karena itu, semua saran untuk perbaikan yang disampaikan akan kami terima dengan senang hati.

Harapan kami, semoga buku ini dapat merupakan sumbang-an yang berarti dan bermanfaat serta dapat menambah wawasan budaya bagi para pembaca.

Kami mengucapkan terima kasih yang sebesar-besarnya kepada para peneliti dan semua pihak atas jerih payah mereka yang telah membantu terwujudnya buku ini.

Jakarta, Nopember 1991

Pemimpin Proyek,



Sri Mintosih, BA

NIP. 130358048

DAFTAR ISI

Halaman

SAMBUTAN DIREKTUR JENDERAL KEBUDAYAAN . . .	iii
KATA PENGANTAR	v
DAFTAR ISI	vii
BAB I. Pendahuluan	1
1.1. Masalah	1
1.2. Maksud dan Tujuan	2
1.3. Renang Lingkup	3
1.4. Pertanggungjawaban Penulisan	4
BAB II. ALIH AKSARA DAN ALIH BAHASA	8
BAB III. ANALISA	
3.1. Latar Belakang	195
3.2. Isi	196
3.3. Sandi Asma	202
BAB IV. KESIMPULAN DAN SARAN	
4.1. Kesimpulan	205
4.2. Saran-saran	206
Lampiran-lampiran :	
1. Daftar Literatur	207
2. Daftar Naskah	209

BAB I

PENDAHULUAN

1.1. Masalah

Dalam kenyataan kebudayaan Indonesia telah mengalami perubahan sebagai akibat dari datangnya kebudayaan asing. Dalam proses modernisasi kebudayaan, Indonesia dihadapkan dalam usaha memperbaharui diri. Satu hal yang sampai kini belum tercapai adalah menemukan jalan untuk mendekati generasi muda sebagai pewaris kebudayaan dewasa ini, untuk memahami betapa pentingnya proses tersebut bagi generasi muda untuk meningkatkan dan mengembangkan kebudayaan kita. Dari semena-mena pendapat dan pengkajian, diperoleh suatu kesimpulan bahwa hasil budaya bangsa lama tidak dikuasai oleh generasi muda, sedangkan di lain pihak, karya budaya baru belum mereka ciptakan.

Dengan asumsi di atas, dilaksanakanlah penggarapan naskah kuno. Naskah kuno tersebut sebenarnya merupakan karya budaya bangsa yang di dalamnya mengandung ide vital berbagai jenis ilmu dari pengarangnya serta sekelompok pendukungnya. Sebagai karya yang mempunyai berbagai jenis ilmu dan ide vital, sudah banyak yang tidak dipahami oleh generasi muda sebagai pewaris dan penerus hasil budaya tersebut ataupun kelompok-kelompok masyarakat lain yang sebetulnya dapat mengambil

keuntungan dari naskah tersebut.

Ketidaktahuan akan isi, maksud, dan latar belakang yang terkandung dalam naskah kuno dapat saja terjadi, sebab kurang pemahannya mereka terhadap tulisan dan bahasa daerah yang secara khusus memiliki karakteristik tersendiri.

Masyarakat Indonesia adalah masyarakat yang pluralis baik dari sudut bangsa, agama, bahasa, maupun daerah di mana golongan yang ada didalamnya tidak sama kemampuan dan kecepatannya untuk menyesuaikan diri dan mengetahui hasil budaya suku lain. Penggalan kembali naskah-naskah kuno diharapkan dapat mendorong tergugahnya bangsa kita khususnya generasi muda akan kesadaran khasanah budaya bangsanya yang beraneka ragam, bentuk dan begitu luhur dan tinggi nilainya sehingga akan dapat membantu terciptanya kebanggaan nasional, pertahanan nasional serta persatuan nasional dalam usaha mempertahankan kepribadian bangsa.

1.2. Maksud dan Tujuan

Dengan mengadakan upaya penggarapan naskah kuno yang meliputi inventarisasi naskah, transliterasi, penterjemahan dan pengungkapan isi naskah kuno diharapkan dapat diperoleh beberapa manfaat sebagai berikut :

1. Terinventarisasikannya naskah-naskah kuno yang ada di negara kita ini, khususnya yang ada di daerah Jawa Tengah.
2. Terawatnya naskah-naskah kuno dari berbagai bahaya seperti kerusakan karena umur, serangan serangga, pengaruh cuaca dan alam.
3. Membantu mudahnya penggolongan naskah-naskah baik dilihat dari segi umur, jenis, isi dan bahasa yang ada sehingga memudahkan penelitian.
4. Membantu usaha-usaha penanganan selanjutnya dalam rangka transliterasi, penterjemahan dan peminjaman isi naskah kuno. Dengan digarapnya naskah-naskah tersebut ke dalam

bahasa nasional kita akan mudah mengetahui pesan, maksud, tujuan, isi dan ilmu yang terkandung di dalamnya.

5. Dengan mengadakan alih aksara, alih bahasa dan penulisan latar belakang isi naskah kuno dimaksudkan agar dapat digali nilai budaya, serta pesan dan maksud yang terkandung dalam naskah tersebut.

Di samping itu, diharapkan pula akan dapat mengungkap latar belakang nilai dan kehidupan kultural masyarakat penulisnya, terutama mengungkap latar belakang nilai.

Jadi jelaslah menafsirkan pesan atau menterjemahkan pesan yang ada dalam naskah tersebut akan dapat diperoleh manfaat bagi pembacanya yang kini terus berkembang untuk maju.

6. Dengan membaca, memahami dan mengetahui isi, latar belakang naskah kuno tersebut diharapkan pula untuk menjadi dorongan minat baca dan penambahan ilmu pengetahuan bagi pembacanya untuk dapat dikembangkan di masa-masa yang akan datang.

7. Setelah penggarapan naskah-naskah kuno dari berbagai daerah, diharapkan dapat disebarluaskan ke berbagai pelosok tanah air, sehingga satu sama lain akan saling mengenal berbagai bentuk dan isinya naskah daerah, sehingga akan menimbulkan adanya rasa kesatuan dan persatuan, kebangsaan nasional dan ketahanan nasional.

1.3. Ruang Lingkup

Hasil kebudayaan itu bermacam-macam, ada yang bersifat fisik dan ada yang bersifat non fisik. Hasil-hasil kebudayaan itu antara lain berupa bangunan seperti misalnya Candi, Kraton, Tempat Pemujaan, Senjata, Tradisi, Religi, Cerita Rakyat, Pitutur luhur, berbagai bentuk seni, lambang-lambang, buku-buku naskah kuno dan lain-lain.

Apabila kita lihat, kebudayaan daerah tersebut sampai sekarang masih ada yang hidup subur, dalam kondisi yang baik

dan utuh, akan tetapi ada pula yang mengalami kemunduran bahkan dikhawatirkan akan hilang. Padahal kebudayaan tersebut mengandung nilai-nilai luhur yang perlu dikaji dan dilestarikan untuk dikembangkan dan disebarluaskan dalam rangka pengembangan kebudayaan nasional.

Salah satu hasil warisan budaya bangsa kita khususnya yang ada di Jawa Tengah adalah naskah-naskah kuno. Naskah-naskah kuno yang dimiliki oleh orang Jawa sangat banyak jumlahnya dan sudah berkembang sejak beratus-ratus tahun yang lalu. Naskah kuno yang terdapat pada masyarakat Jawa biasa disebut dengan nama Kapustakan Jawi (dari kata pustaka = buku Jawa = Jawa).

1.4. Pertanggungjawaban Penulisan

Mengingat betapa pentingnya akan naskah kuno tersebut, dan agar naskah-naskah yang semakin langka itu tidak begitu saja hilang karena dimakan umur tidak terawat atau rusak oleh pengaruh cuaca dan iklim, serta dapat dimanfaatkan oleh seluruh bangsa Indonesia yang sedang membangun, maka diusahakan pelestariannya, antara lain inventarisasi; penyimpanan & perawatan, pembuatan foto copy, pencetakan ulang; Alih bahasa /huruf/transliterasi, penterjemahan dan pengungkapan latar belakang naskah kuno, Penyebarluasan hasil dengan pencetakan, penerbitan dan pencetakan ulang untuk disebarluaskan kepada masyarakat luas. Untuk membantu usaha-usaha tersebut pada kesempatan ini dikaji sebuah naskah kuno yang ada di Jawa Tengah dengan judul "SERAT SULUK NAGA KRIDHA SAPANA" Karangan RADEN SASTRADARSANA PRAJA NGAYOGYAKARTA.

Buku tersebut mengungkapkan berbagai ajaran budi luhur, filsafat dan agama yang memberikan ajaran agar manusia dapat hidup dengan bahagia di dunia dan akherat, ketentraman dalam keluarga dan ketentraman dalam kehidupan masyarakat yang beraneka macam ragamnya. Untuk memberikan ajaran hidup yang tentram di dunia dan di akherat itu tokohnya diperankan

oleh binatang yaitu kadal, burung cangkak dan katak.

Dalam menggarap naskah ini urutan yang dipakai yaitu :

1. Transliterasi Naskah

Pada dasarnya transliterasi adalah pemindahan tulisan naskah asli ke tulisan lain yang sesuai dengan ejaan yang berlaku. Suntingan naskah dengan tulisan latin ini semata-mata diperlukan karena adanya pertimbangan-pertimbangan praktis demi upaya penyebarluasan serta pengenalan kepada masyarakat.

Mengingat sifat tulisan atau huruf naskah Serat Suluk Naga Kridha Sapana yang berbeda dengan tulisan atau huruf latin, maka dalam mentransliterasikan naskah tersebut digunakan patokan-patokan, sebagai berikut :

Pemisahan kata. Tata tulis huruf dalam naskah tidak sama dengan tata tulis huruf latin, karena sifat huruf-huruf daerah, di Indonesia silabis, satu huruf melambangkan satu suku kata, tetapi huruf latin bersifat fonemis yakni satu huruf melambangkan satu inti bunyi.

Ejaan. Ejaan yang dipakai dalam naskah kadang-kadang tidak sama dengan ejaan dalam bahasa latin, maka dalam mentransliterasikan Naskah Serat Suluk Naga Kridha Sapana disesuaikan dengan ejaan yang sekarang berlaku, hal ini dimaksudkan untuk mempermudah dalam memahami tulisan maupun isi naskah.

Punktiasi. Dalam mentransliterasi naskah diberikan tanda-tanda baca maupun tanda metra, maksudnya untuk memberikan kejelasan tentang kajian isi maupun maksud dalam naskah.

2. Terjemahan Naskah

Pada dasarnya terjemahan adalah penggantian dari bahasa yang satu ke bahasa yang lain atau pemindahan bahasa sumber ke bahasa sasaran dengan mengenali latar belakang

penulisan, baik tentang diri penulis maupun masyarakat pemakai bahasanya.

Naskah Serat Suluk Naga Kridha Sapana dibuat oleh pengarangnya dengan menggunakan tulisan Jawa dalam bentuk gubahan tembang Macapat yang dibatasi oleh aturan-aturan tertentu serta banyak diselipkan kata-kata kawi maupun kata-kata Arab. Sehingga untuk memenuhi peraturan-peraturan tembang sering kali banyak yang disingkat atau dirubah. Maka dalam menterjemahkan naskah disajikan terjemahan bebas. Terjemahan bebas ini bukan dari arti kata perkata akan tetapi terjemahan dari beberapa kalimat dalam bahasa sumber ke dalam bahasa Indonesia secara bebas dan tidak merubah maksud, namun ada juga yang disajikan apa adanya sesuai dengan bahasa naskah aslinya yakni seperti tulisan-tulisan Arab. Dengan maksud agar mudah diterima serta diharapkan agar sekali baca dapat diketahui isinya.

Tujuan terjemahan ini agar masyarakat yang tidak mengetahui isi naskah dapat mengetahui, menikmati lewat terjemahannya, sehingga naskah dapat tersebar luas di kalangan masyarakat.

3. Metode Analisa Naskah Serat Suluk Naga Kridha Sapana

Suntingan naskah Serat Suluk Naga Kridha Sapana ini adalah hasil transliterasi atau hasil pemindahan tulisan naskah aslinya ke tulisan lain yang disesuaikan dengan ejaan yang berlaku, dilakukan dengan teliti dan hati-hati, namun dalam mentransliterasi naskah tersebut tidak diadakan perubahan-perubahan maupun pembetulan-pembetulan karena naskah tersebut sudah merupakan teks atau cetakan. Sehingga dalam penganalisaannya hanya memperhatikan segi kebahasaan, latar belakang penulisan naskah yang dapat memberikan gambaran tentang masyarakat pemakai bahasa yang bersangkutan serta maksud dan tujuan si pengarang dalam membuat Karya Sastra.

Hal ini dimaksudkan untuk mengetahui sejauh mana isi yang terkandung dalam naskah tersebut serta untuk mengetahui apakah masih ada relevansi isi naskah tersebut dengan kehidupan di zaman sekarang ini.

4. Selesainya tugas penggarapan naskah ini tidak terlepas dari kerja keras dari tim penyusun yang terdiri dari :
 - Ibu ENDANG SUSILASTUTI yang bertugas menstransliterasikan naskah dari huruf Jawa ke huruf latin.
 - Bp. Drs. ABDUL ROHMAN yang bertugas menterjemahkan dari bahasa daerah ke dalam bahasa Indonesia.
 - Sdr. NURYATI dan Sdr. PANTIJASA yang telah membantu dalam pengetikan.
 - Bp. Drs. SLAMET Ds selaku koordinator dan penanggung jawab penggarapan naskah.
5. Penyusun menyadari bahwa penggarapan naskah kuno ini tidak terlepas dari berbagai bantuan berbagai pihak yang tidak dapat kami sebutkan satu per satu.

Untuk itu atas nama penyusun perkenankan menghaturkan terima kasih kepada berbagai pihak yang telah membantu kelancaran ini.

Penyusun menyadari pula bahwa penggarapan naskah ini masih banyak kekurangannya, untuk itu perkenankan penyusun mohon maaf apabila ada kekurangannya. Harapan penyusun semoga naskah ini ada manfaatnya.

BAB II
ALIH AKSARA DAN ALIH BAHASA

2.1. ALIH AKSARA

Suluk Naga Kridha Sapana
Jilid I

Nyariosaken Papanggihannipun Resi Kadhal kalawan Bango
Cangak sarta Walang Kadhak ginem bab kawruh kalepasan.
Cithakan ingkang kapisan
Kawedhalaken dening Pangecapan
Rumiyan nama : Buning
Ing Ngayogyakarta
1862 – 1931

I. PANGKUR

1. Ranguninga wus kawuntat
 Dennira yun ngayomi ngiket kehing
 Sasmita tama mamayu
 Trajunning kasunyatan
 Darpa adreng kadorong berung andarung
 Saru siku tan rinasa
 Nawung serat suluk rawi
2. Pratis tha dhinapur kaga
 Jajagongan mardi mardawong budi
 Ngarah roh ing wasitayu
 Yowana kana pinudya
 Gya bangkitta bangkat papangkat tan layu
 Kanti titis putus tatas
 Tatanning mangolah ngelmi
3. Mangkana purwanning gita
 Duk ing nguni wonten kukila katri
 Anggepnya sami nyadulur
 Lir nunggil yayah rena
 Wit sinangkan saking sarah tranning kawruh
 Dhasarre nunggal pasaban
 Saba warih ngupa bukti
4. Yeka bange walang kadhak
 Katri cagak panuju sajuga ri
 Neng tepi narmada kumpul
 Kempale sorring mandira
 Dhasar papan ayom ayom tur asamun
 Mangkana bango ling ngira
 Lah iya ta sanak kadwi

5. Kaya paran ing wekassan
 Yen manggungnya mangkono saben ari
 Riwa riwi sabeng ranu
 Nurut paranning mina
 Met lonanne gya linenan tanpa luput
 Mung karya sinning padharran
 Nelek pulih ngelih malih

6. Baya ta tanpa pangrasa
 Tindak siya cidra karya papati
 Wawalese tan pinetung
 Ketang amurang tata
 Urip pisan nguja harda tyas laku dur
 Dur tapa karti druhaka
 Desa mring samanng urip

7. Uripe sapisan rusak
 Lalu linglung pikirre ting saluwir
 Wigar katamaning laku
 Karem karamat sepat
 Saya lamun yen kapethuk kutuk ngantuk
 Dwaya Allah kang kawasa
 Kang sipat rahman lan rakim

8. Mugi tuwan paparingnga
 Enget nadyan hamba tinitah peksi
 Mbok inggih sampun kadhurung
 Tata wikan wossing gesang
 Lah tedahna dedalan dadining ngayu
 Kayuwanan ing jiwangga
 Gayeng ngalam kabir sahir

9. Walang kadhak len delingnya
 Benggan sira ayun dumadya peksi
 Wus jamak sagunging manuk
 Tinitah sabeng tirta
 Pan pinanci papancen mamangsanipun

Mina sem iseming narmada
Mangkono uga sujanmi

10. Mung patrape bae beda
Delannanne kang mrih kena bimukti
Wit janma sinunggan kawruh
Weruh becik lan ala
Bango mbengek heh walang kadhak wuwusmu
Nadyan tinitah kaga
Yen eling luwih utami
11. Wit sagung sipatting gesang
Kang tumitah winenang nampik milih
Wus ginelar ala ayu
Pra sarjana wawarah
Sing ta pangangkah ngungkih wahyu luhur
Jiwa tinggal catur prakara
Labuhan kang mangka witting
12. Juga betah tapa brata
Dwi legawa rila kang nrusing batin
Tri sumingkir pakarti dur
Catur mantep ing karsa
Mapan ana ing nguni caritanipun
Wong Agung ing Ngeksiganda
Panembahan Senopati
13. Ing lahir rada dupara
Yen bangkitta humadeg Narapati
Ing Pajang ratu pinunjul
Kasub kalekong jana
Ya pagene turunne tan madeg ratu
Wit sing adilling Pangeran
Sing sapa nemen nemenni
14. Wong Agung ing Ngeksi ganda
Dhuk lagine durung jumeneng aji
Kyat tyas bratane sineru

Prapteng bawani wana
 Maksih maksa paksa mamasuh anggayuh
 Wahyuning wahyu karamat
 Tumesak turuning wuri

15. Widada prapteng samangkya
 Mapan iku yogyakarta palupi
 Lupiya wenang tiniru
 Luruba mring Hyang Suksma
 Walangkhadak megat catur wuwussipun
 Mbok ya wis salin salaga
 Mundhak gagal kang den pikir
16. Mikir reh wus padha tuwa
 Wajibe ling laladan dening pati
 Mati titis ywa kalimput pupuntenning kasidan
 Den waskitha wawasan praptanning dunung
 Lah mara aku carita
 Range-range pra winasis
17. Silah-selehing palastra
 Darajattung jisim pitung prakawis
 Yuga mati besok luluh
 Dwi wetah dadya sela
 Katri sima kang layon datan kadulu
 Catur sima dadya tirta
 Panca layon santun warni
18. Dumadya manik mustika
 Kanem layen malih warna memedi
 Kasapta praptaning layu
 Dumadya sate kewan, lahta paran mungguhing sanyatanipun
 Banget ribetting tyas sing wang
 Tan gaduk nggayuh ambudi
19. Wis cengkah lan dalillira
 Inggang muni kayun pidarahenni

- Lirre langgeng urippipun
 Ing kene kana gesang
 Teka dadakan sirna/wutuh luluh
 Lesah basah dadi kisma
 Mara pikirren kang mathis
20. Bango mesem lon delengnya
 Bener temen walangkadhak sireki
 Tan siwah lawan dhapurmu
 Darbeya pikir nglungka
 Kawruhana mungguh peperanganipun
 Jro urip mengku kalih dat
 Datting kawula myang Gusti
21. Dumadya dadya sajuga
 Keket pliket karabet wujud siji
 De mbenjang yen prapteng layu
 Lagya apepisahan
 Datting Gusti mulya mulih pulih wangsul
 Wangsul mring asalling lama
 Yeku jroning ngalam gaib
22. Jumeneng lan pribadinya
 Dene lamun dattira mesthi mati
 Beja bali asallipun
 Nganasir catur warna
 Cilakane ingaran dening lembut
 Dadi dhayang penyenyengan
 Anggung gawe sok ngalahhi
23. De darajad sapta warna
 Kang ginutri panggihing ngalam pati
 Yekti sing labuhannipun
 Lelabet jroning gesang
 Pan mangkene warahe kangwus amanguh
 Yen lena besok kang angga
 Yeku pratendha duk urip

24. Jibar-jibur hambaruwah
 Tebih laku nyunyuda lan sisirih
 Suka kasukan bidantur
 De sukmane nglambrang
 Ing sapanan ngulandara tanpa dunung
 Yen mati wetah tan owah
 Mbagegeg nyangasri siti
25. Yeku duk kala gesangnya
 Nglantur brata tinggal dugi prayagi
 Sukmane karup lelembut
 Dumadya dadya dhanyang
 Simara bumi tunggu pereng jurang punthuk
 Yen mati sirna layonnya
 Yeku duk lagine urip
26. Nglantih nglantur cegahendra
 Ari ratri tan nganggo winatawis
 Layon mijil saking kubus
 Kranjangan Bekasakan
 Gara-gadhe memedenni angreridhu
 Sukmane nitis mring kewan
 De yen mati dadya warih
27. Yeka duk maꦩꦱꦶꦃ gesangnya
 Tinggal sahwat tan mawi dugi-dugi
 Layon sirna mo mung nannana
 Sukmane nglumadheyan
 Nempel manjing sela tanrupi wreksagung
 Myang dadya salah gandarwa
 Galuthak sring nyidraesmi
28. Yen layon dadya mustika
 Setya retno maya tannapi manik
 Ye kaduk ing gesangipun
 Mahambeg paramarta
 Sabar rila legawa budya yu tulus

Tepa tresna mring sasama
Ngadat lupiya kang uwis

29. Rahbaji wangga nirmala
Kutut keket kempal kahanan jati
Sajawine kang mengku
Kukubanning bawana
Lah pikiren walangkadhak apa mathuk
Gathuk sunduk Prayogane
Walangkadhak lon naurri
30. Kaya akeh emperrira
Sira bango apa iya ngecuppi
Aku arsa melu payu
Paran kang kok pilihha
Prayogane milih wutuh dadi watu
Mesthine bakal pinuja
Sajen kembang boroh wangi
31. Saben ri sukra ngadheppan
Den pepetri sinuwun keh sujam ri
Kang minta idi pangesthu
Dene ta sukmanira
Angalaya mider ring rat alas gunung
Saba paran wruh sabarang
Tan nana kang manaweluni
32. Cangek nyanguk nyatu bentak
Lah ta walangkadhak teka ndaleming
Lamun mangkono tedakmu
Paran perlune padha
Sarase yen nggulang ngelmu medhar kawruh
Mbokya bisa pasrah kewala
Labuhan kadarring urip
33. Uripmu kapulet hawa
Hawa awan sing benterring Hyang Rawi

Wiji wujud tuwuh tuwuh
 Nimbu ngombro ngremboko
 Lali lamun ndonya don-adon nyakuthu
 Thikil ndengkulleng murbata
 Dumadya budi taruni

II. SINOM

1. Lah ta bango walangkadhak
 welingna carita mami
 Warahwasitaning kuna
 Mungguh sajattining urip
 Urip sangkaning sepi
 Sayekti mulih mring sunung
 Sima rasa rumongsa
 De kahannanning dumadi
 Wujudingwang ananne ara priyangga
2. Sirartan panaring hawa
 Sing sudama ditya yekti
 Lirnya sudama Hyang Wulan
 Ditya iya ku Hyang Rawi
 Karti Kartika yekti
 sarining sang Hyang Su tengsu
 Maha yakem tirtamaya
 Hyang Surya mahya kang hagai
 Taranggana mahya sari samirana
3. Pamarring sariti tiga
 Yeku ing ngaran trimurti
 Kang mengka waranahira
 Sang Hyang Wisesa sayekti
 Marmannya Hyang Trimurti
 Winenang gelar angukut
 Madhem lan nguripana

Sagunging sarwa kumelip
De yen pisah yekti dadya pangurippan

4. Mbenjang lamun prapteng mengsa
Yekti pulih mulih malih
Ajal kamulanning ana
Mar wit sangkanira nguni
Marma ing dalem urip
Tri tekat wajib ginelung
Purba wasesa esa
Lirre purba witting nguni
Wasesa pari wenang Esa yekti tunggal
5. Terangnging katri iktekat
Yen katrima ing pangesthi
Mbenjang praptaning delahan
Wenang manunggil lawan wit
Wit wijinya dumadi
Dadining kahanan sagung
Gung alit inggil andhap
Tan beda tembe anunggil
Nging reh titah adhakan keneng rubeda
6. Dada lan mekarring hawa
Winantu pikir tan eling
Lama-lama saya ngrebda
Dadi kembang ing bilahi
Kalimput warni-warni
Wawarnen kang mrih kajlungub
Jujurang curi carang
Yen mangkonowa pan yekti
Durung mulih sida malih dadi kadhal
7. Warnanen kang mesu brata
Neng ngereng perenging kali
Kakasih sang resi kadhal
Kagyat desira miyarsi

Gya mudhar brata mijil
 Sing reng alon wuwussipun
 Heh heh paran ta sanak
 Sira dhahat mejananni
 Ingkang aran Resi Kadhal iya ingwang

8. Pa gene ta sira padha
 Ngremehken sameng dumadi
 Sagung titahing suksmana
 Liyan bangsaning sujaami
 Kabeh pan sami ugi
 Darajad gelengannipun
 Sira kalawan ingwang
 Pangkad darajatte nunggil
 Lah engetta papangkat cara buda

9. Yeku mina sate janma
 Kacatur pra dewa dewi
 Wijang unggah udhunnira
 Wus kinedrat dening Gusti
 Kodrat iyeku pasthi
 Prandene sih ewah santun
 Karananning iradat
 Wruhanta heh sira katri
 Pangawasannya kang sastra jendra yuningrat

10. Mina bangkit dadi cathak
 Bango pan dadi sujanwi
 Manungsa awor lan dewa
 De mungguh kawruh ing ngarbi
 Yeku kalimah kalih
 Sahadat jati rannipun
 Pan iku langkung gawat
 Datan kena gina gampil
 Yen pinuja jagad iki yekti sirna

11. Ning aywa kaliru tampa
 Kanira kang jagad alit
 Lirre alit kang gumelar
 Karuwan deh pernah neki
 Balik kang ngong aranni
 Jagad agung tegessipun
 Iyeku jagaddira
 Kang ngalangut tanpa tepi
 Pinesthiya pan sirna sukci sampurna

12. Marma sira den wewekas
 Aywo sok nggegampang angling
 Yeku begalane ilat
 Kaplesed dhawah yemani
 Utawa den arani
 Wot sirotal mus takim
 Iyeku antarannya
 Kang lambe ngisor lan nginggil
 Mung sakecap yen tan bener dadi beka

13. Apa dene tingkahira
 Kathoprakan ting bathithit
 Naretheke nuthuk kenthongan
 Kethokan dharik narithik
 Mathuk den othak athik
 Pethuk gathuk manthuk manthuk
 Cekat cekot acukat
 Cancut kang swara melingugi
 Lagon lagu pasemone nut irama

14. Peksarsa gayuh gagana
 Akarya buwana balik
 Kirab elarnya binabar
 Lah kang mangkono ngong dugi
 Pan iku durung mathis
 Gamandenge datan gathuk

Lan pathokaning rasa
 Winibuh ulesmu mosmubrit
 Abang hawa adreng kadorong driyarda

15. Yen arsa nggayuh kang nyata
 Nyatakna ingkang permati
 Titis awosing pamawas
 Wossing wasana den esthi
 Kanthi lepasing budi
 Sarat sarana kang cukup
 Cakep lahir batinnya
 Dedalanne mrih gunasti
 Andhap asor wani ngalah myang darana
16. Samana sang resi kadhal
 Karya cata memedenni
 Matak montro triwikrama
 Jlong angga sawukir hagmi
 Mubal ngebattebati
 Tutuk mangap ngisis siyung
 Waja angapurancang
 Lir tikswanning brajalangit
 Swara hanggreng gumarung gunglir gurnit
17. Heh cagak sira den yitna
 Tontonnen kadibyan mami
 Pan iki durung sapira
 Yen sun ngetog mesu budi
 Sayekti jagad iki
 Sirna saisi katunu
 De sira teka dahat
 Nyenyamah si kadhal nirdhip
 Ing tegese sira nyamah kodratting H
18. Yata kocappa tri kaga
 Sakah kalangkung tistis
 Miris maras sru katressan

Ngerpepeh ndhekem neng siti
 Matura ngasih asih
 Dhuh dhuh sang sudibya nung
 Kukuten kredhanira
 Racuten duka sang resi
 Yen kalajeng hamba tritan waade bra

19. Kether kuthuk kathetheran
 Nyathethet miyat sang resi
 Sen issenning trilokaya
 Langka bangkitta nimbang
 Marma gung nging aksami
 Mili lir rubbing kang ranu
 Tumerah amring hamba
 Badhaning kang tulah sarik
 Ruwet ruwat puwara luput sing papa
20. Papa panta kadruhaka
 Karana tan wruh ing westhi
 Samana rinacut sigra
 Pulih kadya wingi nguni
 Cangak umatur taris
 Dhuh adhuh sang mahawiku
 Kula dhahat tan nyipta
 Wit salami dereng uning
 Ukur kewan bangkit tan dadya mangkal
21. Cacak kang tinitah janma
 Mongsa manggiya kakalih
 Mung ngungsang prabu Kresna
 Jer punika Wisnumurti
 Wangsul paduka .resi
 Imbang sriwikramanipun
 Marmamba sun narima
 Suka sukur mring Hyang Widhi
 Kalilana/hamba nyuwun puruhita

22. Sang resi kadhal linggira
 Iya sira sanak katri
 Wusnya akeh kang karasa
 Balik gyanta padha mikir
 Kawruh wekassing pati
 Patitis paranning tuju
 Lah ta mara tutugna
 Bango umatur wot sari
 Dhuh sang wiku kang kadya tekadding ca
23. Nyepenken kang pasthi ana
 Yen amba dereng kadugi
 Mangaran sipat kang wadhag
 Kartika baskara sasi
 Wis punika pan maksih
 Nata bangga wontennipun
 Dene dadining ana
 Yekti ana kang akardi
 Wangsul pundi kang langgeng tetep ana
24. Kalamun angukuhana
 Yen Allah ana sayekti
 Kasdut sifat kalihdasa
 Lan cihna sagung dumadi
 Ulun dereng nate wrin
 Arah pernah ing Hyang Agung
 Mokal yen tan kantenan
 Marma mangke kang kulesthi
 Baya luwung tumindak tindaking kathah
25. Ngrungkebi sarat sarengat
 Saringanne Allul dinani
 Kadya gampil linampahan
 Tan amikir ika iki
 Karana jroning Kadis
 Wus wonten wawarahipun
 Kang sampun kabyawara

Layak jibumakripatti
Minal ilmidakika de jarwannya

26. Menggahing ahli sarengat
Tan perlu kedah ngawruhi
Kawruh ingkang lebat lebat
Cekap pracayeng jeng nabi
Tur ta kenging sinambi
Saba sabin ngupa welut
Wangsul saking pasaban
Wus wulu ngirasing kali
Prapteng wisma njujug langgar salat ngisa
27. Lamun kasep kenging kala
Enjingnge dipun saurri
Makaten sampun manpangat
De rukun kang catur warni
Sahadat wus nyarangngi
Wedal sholat wektunipun
Jakat kaji punika
Yen kaleres anggadhahi
Siyammipun ingangkah amrih sambada
28. Kikissan kawruh kanyatan
Sawawratting peksi jawi
Sarana nggayuh sawarga
Gandhullan shalat prayogi
Ginulung lamun bangkit
Bangkat pasemon Hyang Ngagung
Ngegungken kemat ing ruyat
Jro takbir ratul ihrommi
Plengnging cipta rasa nunggal Hyang Wisesa
29. Walang kadhak nambung sabda
Lah ta bango teka gampil
Pangancasmu kang mrih pana
Papan kang sira paranni

- Apa sireku lali
 Lupiyaning para jamhur
 Ruhurring ahli srengat
 Yeku mung lakuning dhiri
 Wulu tirta lelabet obahing raga
30. Gagaran jro kalahiran
 Runtutting yuda nagari
 Balik kakekate iya
 Kudu nggayuh ngelmu batin
 Mestu kang wus kawarti
 Ngdat ngdani istajiplakum
 Bagya lamun bangkitta
 Macung dhewe mring Hyang Widhi
 Karan makal jisimmu bangkit papanggiyan
31. Wit kahananning Hyang Suksma
 Sayekti kalangkung gaib
 Tontonnen para ngulama
 Mukmini kang Ahlulindini
 Nging jro batinne pasthi
 Lan pra ahli ngilmi mathuk
 Gathuk othak athiknya
 Nyatane Hyang Maha Sukci
 Caritane ngeng beber sira rungokna
32. Duk nguni praja Bintara
 Karatening wali mukmin
 Mardi mardaweng sarengat
 Kang tumrah kawula alit
 Nuli mireng pawarti
 Siti jenarmurang mungkur
 Ngundurken tindak sarak
 Saking wus panatembanning
 Kawonjngan wanuh wani buka wrana

33. Marma sigra ingandikan
 Umarak mareg sangaji
 Jinanji babar katigayan
 Lan sagung pra wali mukmin
 Sunan Giri murwani
 Buka pangawikannipun
 Tandya gantya gumantya
 Modhar kawruh kang piningit
 Wingit rungsit sarasaane beda beda
34. Ana kang angesthi mring dat
 Ana rasa den rungkebbi
 Cipta atma pinangeran
 Weneh anggandhulli gaib
 Ngon angon songguh Gusti
 Sarengat sing sekti kinandhuṭ
 Nging mung karya warana
 Nulya seh jenar gumanti
 Kanthi miyak warana melok ngalela

III. KINANTHI

1. Seh Siti Jenar lon muwus
 Lah ta sanak para wali
 Kula mriki ing ngandikan
 Ujarre kinen ngempalli
 Sarasehan abawara
 Paranne kawruh hakiki
2. De jengandika sadarum
 Teka taksih mindho kardi
 Paran anane sanyata
 Teka tansah aling ngaling
 Kalingan sunar papadhang
 Padhang ingkang ngapiranni

3. Niru kulestu tan ayun
Kayungyun sifat kawadis
Lahir bathin kula ngadam
Lah piyarsakna suwawi
Siti Jenar iya Allah
Allah yekti seh lemah brit
4. Karo karonu wus jumbuh
Jumbuh rasa rupa warni
Lirre rupa urup nyata
Urup sing urip sejati
De warna yeku warana
Jisim warananing Widhi
5. Kang aran Muhammad yeku nur
Cahya kang midrawong dhiri
Rasul rasaning dat mutlak
Kadim ngalam kabir sahir
Kurup dwi astha isthanya
Punika kang kula cupi
6. Sunan Giri tanpa muwus
Wis wosse sampun kapusthi
Siti Jenar tuhu lebda
Wasana len dennira ngling
Tan sisip mapan mangkana
Manging mangkono tan kenni
7. Kena laranganning ratu
Tunden ngrusak yuda nagri
Gering masjid ira kemplang
Kamplung tataning agami
Agama busaneng praja
Jamak wruh ala lan becik

8. Seh Madwalana sunambung
Lah Siti Jenar siroki
Lamun yekti ngaku Allah
Pagene ya sira maksih
Katon lumrah ing manusa
Neng donya paran kinardi

9. Seh jenar mesem sumahur
Allah sira mindho kardi
Denya kerat darbekingwang
Awal akir duwek mami
Mapan ingsun tan babakal
Lah kariya para wali

10. Lulussa agamanipun
Sarengat Muhammad Nabi
Ingsun nuli arsa mulya
Nuli mulih ya sayekti
Temen mulih asal ing wang
Yeku ngalam nukat gaib

11. Marma bange gya sireku
Kukuh uger solat mahrib
Subuh luhur ngasar ngisa
Lan catur rukunne sami
Wekanan jro sarengat
Saringanne mengku wadi

12. Dulunen duk sira wulu
Niyat tumandang nging dhiri
Rukuk Sujud lungguhe kram
Ngadeg tepungna kang yekti

Yektekna lan ananira
Reressing rasa sajati

13. Bango anahurri wuwus
Wuwusmu teka lir kyai
Nganggo lapal murad makna
Narik jamanning pra wali
Jaman mangkya rekti beda
Dedalanning ngolah ngelmi
14. Wis kadhesek ngupa butuh
Kudu betah anglelantih
Ngidak tanaman rekasa
Sanityas tyas kumitir
Gumeter yen tan kaduman
Melik atemah ngalikik
15. Tetirah rawa sinerung
Met mina dipun meniti
Kali blumbang jinagannan
Nanithik rinuji wesi
Sesikune wus liniga
Yen kasep ginusah wani
16. Paran dennyang bangkit tuwuk
Kadhang durung tuk sawiji
Kasusu selak kejaman
Mundur sami mbrebes mili
Milang miling melang meling
Tan kapethuk wader bungkek
17. Temah ngelih gelak gelu
Ngeluh padharan ngalikik
Kang mangkana paran baya
Bangkit tungkul mungkul ngelmi
Srengat bae kerep gethang
Nyethanthung sing pegat bukti

18. Beda lan dhek jaman mau
Gampangge ngupaya melik
Tan ana peksi ngresula
Inguja tan den waleri
Kukile lit sami suka
Ayem tentrem tyas basuki
19. Cangak mlengak sarwi muwus
Bango pagene sireki
Sira teka bangkit ngucap
Metdarsana myang palupi
Lupiyan lelabettannya
Sri Bupati ing Matawis
20. Betah lapa budya tulus
Manetep ing karsa tan wigih
Panggah rila myang legawa
Rila pasrah lega sepi
Wa napsu hawa lir rira
Pasrah tan na darbe runtik
21. Pagene tan bangkit iru
Grenengan kacuwan bukti
Bango mangsuli lah cangak
Yeku mung karya palupi
Kang yogya sinudarsana
Nging aku mokal yen bangkit
22. Bangkat ngangkat mikat wahyu
Jer dudu trah ing mertapi
Jamak akeh bangkit kandhan
Abote yen anglakoni
De niatku mono iya
Arsa macung mring Hyang Widhi
23. Widada ngreh mring sedyayu
Rahayu ing lahir batin

Nanging gek kepriye mara
 Teka akeh kang malangi
 Pepalang dadya rencana
 Menangi manah tan yukti

24. Tiwas pemawassing butuh
 Katutuh ing anak rabi
 Bingung bileng tyas ruhara
 Dahuru arebut melik
 Lalu langlang salang tunjang
 Nunjang palang ngregereni
25. Cacak kang tinitah manus
 Jaman iki arang bangkit
 Tandhane dhek wingi ana
 Aku krungu rerasanning
 Janma mlaku bayak bayak
 Wurine resi sir ngiring
26. Sajake kaya wong ndhusun
 Ingrid marang nagari
 Ririh dennira rerasan
 Risi rinada bab dhuwit
 Beya pakaryane semahan
 Pananggallan tegil sabin
27. Samar gamar gagu mrumung
 Weneh nyebut priye iki
 Uripku teka nalangsa
 Saben ari den ring uring
 Anak somah myang parentah
 Dupara bangkitta mikir
28. Kawusanan ning uripku
 Kudu kudu aprang tandhing
 Dahuru reh aru hara
 Saben jam pikirran salin

Ngrembug iki keno kurang
Kana meksa kono nangis

29. Rewange nyambangi sendhu
Allah sih begja sireki
Nadyan kurang jer wus garan
Balik aku sepa sepi
Kana durung kene beya
Mokal yen antuka manis

IV. DANDHANGGULA

1. Resi kadhal megat wacana ris
Lah ta sanak samono kendela
Nggonnira rerasan kuwe
Mbok jugar kang katuju
Balik mara dugekna sami
Mardawa mardirasa
Ngrasa juning layu
Bango cagak walangkadhak
Pareng nembah katrinya umaturraris
Dhuh adhuh sang dwija
2. Amba katri pan wus tanpa dugi
Nggayuh gathok goyonganning rasa
Sing pepet cupet pikirre
Tarken amba tri nyuwun
Sih paduka sarengan mugi
Amba tri muruhita
Ing pada sang wiku
Srah jiwangga prapteng lena
Tan garantes mring reh kang mamrih utami
Tama prapteng delahan

3. Resi kadhal mesem anaurri
Lah ta iya sanak sanak ingwang
Yen dhasar dadi kareppe
Bagya lamun sarujuk
Jroning urip winenang sami
Marmakrup nai mungkar
Lah paye sireku
Lungguh cerak kene padha
Sung jatenni jatine ingkang kakiki
Kikisanne kasidan

4. Sun tan wani wanuh memancenni
Myang memancang pamanggihmu iya
Wit kabeh padha benernya
Mung gumantung ing kayun
Pundi paran kang den antepi
Nging mungguh prayoganya
Jiwa kongsi kalimput
Luput mlumpat ugeran
Catur warna yeku dalil lawan kadis
Tanapi ijenak kiyas

5. Lyan kadyeku ywa kleru nampi
Pepintanning ngelmu pangancasnya
Yekti iku dhewe dhewe
Lirre ngran ngelmu sepuh
Ngelmu rasa ngelmu sajati
Ngelmu gaib pan beda
De kang ngelmu sepuh
Dunung waji bbing pra wredha
Wit taruna arang kang bangkat nanggapi
Pijer kaduwa hawa

6. Baya sepuh yektinya kang dhingin
Dhihin nyat datan kadhinginnan
Annane kang gumlar kabeh
Iyeku Hyang Maha Gung

Marma wajib kudu meruhi
 Dat sifat asma angal
 Den kongsi kapanggih
 Pangubah resikannya
 Nyata kena lawan ananing sakalir
 Yeku ran ngelmu tuwa

7. N₁ 36 rasa pembabat sayekti
 Puus ing reh sagung lelungiddan
 Datan samar pamawase
 Wiji sir marga catur
 Manut marang Betalmakmuri
 Lumarap granning jaja
 Raksa tanggap tangguh
 Agal lembat datan samar
 Ya marmane tri bawana den bawani
 Tuhu ta jatining Hyang
8. Dene ingkang ngran ngelmu sajati
 Sajatine murni tanpa waran
 Kalawan langgeng anane
 Ing nguni prapteng mbesuk
 Beda lawan jatining lahir
 Pan maksih ebah ewah
 Mangkana lir ripun
 Samangke mulya wibawa
 Mulya yekti nging durung temtu lestari
 Terkadhang mbenjang papa
9. Ngelmu gaib, Samar jarwa neki
 Nanging dudu samaring sumelang
 Nging samar kurang pananne
 Ananira Hyang Agung
 Yen dinayan dayan ning ngati
 Pan durung bangkit bangkat
 Liyan manahen kung

Kenyassing sudira brata
 Marma gaib tuhu dutaning Hyang Widhi
 Sing sapa bangkit tampa

10. Sasat bangkit patemon lan gusti
 Lah ta sanak padha rasakna
 Beda beda trap lungguhe
 Yen siroku wus nyakup
 Kukubanne wajib meruhi
 Mujah lawan mudarah
 Mungguh bedanipun
 Paran kang kadim kang anyar
 Desa mengke wus jumbuh dadi sawiji
 Jumeneng kamil insan
11. Pakarane sira bangkit urip
 Mobah molah mabur lan lumampah
 Sing endi iku purwane
 Kawruhana punika
 Kayat kadim mangka ta jali
 Sipat jalal myang jamal
 kahar kamal iku
 Iyeku datting Pangeran
 kang gung elek Misesa sampur sayekti
 Langgeng ing kene kana
12. Jisimmira asal sing nganasir
 Catur warna marma tan budaya
 Yen datan kalawan kayun
 Len sinartan dening nur
 Raksa atma napsu ambudi,
 yeku mengka sarana
 Jumeneng Hyang Agung
 Marma jiwa semang sumelang
 Ananira yekti sing kodratting Widdhi
 Nglairken sifat nyata

13. Nyata lamun kawula lan Gusti
 Liru lambang surup sinurupan
 Pamorning rupa warnane
 Marna den awas emut
 Met sangkaning durung dumadi
 Dumadya bangkit wruha
 Wenang wajib ipun
 Kang nyembah lan kang sinembah
 Dikir solat hoda tan kena sinami
 Nut wenang papangkattan
14. Sembah catur jro kitab mawarti
 Kaji kusta daim mualimnya
 Puji satari donganya
 Satari alappipun,
 Barjah tuwin jalalah ranning
 Iyeku pujipana empakan kang mathuk
 Thuthune jiwa sulaya
 Yakin nyata nyatane ingkang amuji
 Muji dhiri priyanga
15. Mangkya kecap papangkatting pati
 Pancawarna juga mati mrayang
 Mar amun amun suksmane
 Saparan paran nglangut
 Lir hinawan katiyup angin
 Kandel tanpa soca
 Cadhek numbuk bentus
 Dwingaran pati duraka
 Durasala, kapanggonan kang den nggoni
 Manggen ing papan cacat
16. Upanane asal ing sujanmi
 Nurut manjing uripping mahesa
 Yeku papan cacat ranne
 Tri pati nara koku
 Nara manas ka papan yekti

- Titissing urip marang
 Pulih manjing manus
 Dadi banyu mutting wadhag
 Bagya lamun dumadi jalma luwih
 Kadhang kaplorod ngandhap
17. Caturrira patining sawarni
 Desa warga yeku tegessira
 Kasarira sarwa gedhe
 Nadyan wangsul mring manus
 Yekti dadi pandhita luwih
 Tanapi madeg nata
 Amengku, kaprabun
 Ponco patining sampuran
 Yeku mulih mulih asalira nguni
 Mengkoni tri bawana
18. Karananne pangkat ing bupati
 Beda beda nutting lelabetan
 Kang kalakon duk urippe
 Dene Hyang kang Maha Gung
 Wus sumarah tan darbe kapti
 Ala becik ginelar,
 mrih utama nipun
 Bonggan kang dhemen kasasar
 De Hyang Suksma tan lingsem manjing mring alih
 Nistha tanapi kewan
19. Marma sira mumpung taksih urip
 Rektenana dalanning kasidan
 Dumadya lanyahing tembe
 Jro dalil wus kasebut
 Idaaja ajal Ijummi
 Layak takkirugat mangkana lir ripun
 Mbenjang praptanira mangsa
 Nadyan amung sanapas tan nana wanci
 Yen arsa semayan.

20. Ya mulane pundhukna samangkin
 Kalamangsa sasadening gesang
 Adunen lawan urippe
 Panengerran kang tuhu
 Tuhu datan kena sinalin
 Lawan panggawe setan
 yen sira durung wruh
 Lah mara padha nyerakka
 Tampanana karna kering kang permati
 Ya iku sajatinnya
21. Poma poma simpon den agemi
 Gemetana andharan gelaran
 Yeku mangka parabette
 Lan mangka sak sinipun,
 kangtahan ingkang karuki
 Upama anarira
 lan donya puniku
 Lah samono wus prayoga
 Sabobote kukilo pan wus nyukuppi
 Beda mungguhing janma
22. Wus tinampan wulanging sang resi
 Bango cagak lawan walang kadhak
 Byar tatawangan pikirre
 Narawang lir kadulu,
 dadalanning kamuksan jati
 Katonton ing wiwara
 rarasing swarga gung
 Tri kaga dhahat kareman
 Sing sangeting suka atemahan nangis
 Dhuh dhuh sang yogiswara
23. Raos amba pan kadya angimpi
 De makaten pupuntonning gesang
 Yen mangkono do kiyo
 Yektine ambiru

- Gung mbeda angriribedi
 Lan mangke pinarengna
 Mugi sang aniku paring sarananing marga
 Andhingini pulih mulih papan nguni
 Neng donya dhahat krasan
24. Mumpung wonten ngarsaning sang resi
 Sampurnakna ywan mantuk mring wisma
 Mindhak kakesturen dene
 Tangising semah sunu
 Nagih nipkah sarana bukti
 Resi kadhal wacana
 Lah sanak katelu
 Lumrah kaprah pra kukilo
 Lamun lagi katemben miyat miyarsi
 Sagungnging barang anyar
25. Kumacelu kudu andarbeni
 Balik iki ginege tan kena
 Yegya wit kala mangsane
 Ya marmane sireku
 Sani tyasane tah teki
 Kang supadya kalisa
 sing sedya tan ayu
 Lawan malih kawruhana
 Mbenjang lamun praptane ing dina pati
 Ing kana keh rencana
26. Mapan iku wajib den kawruhi
 Ing langgana begalanning marga
 Marga yun jarah imanne
 Benjang bae sireku,
 sun tuturi trap pangolahing
 Ing mangke sampun mangsa
 Sang Hyang rawi surup
 Lah paye padha bubarran
 Katri kaga ngaras pada nyuwun pamit
 Byar miber sowang sowang

V. ASMARANDANA

1. Raras sing rare mengeti
Rerasan duk nguni arse
Mara marak mring gurune
Kang subrata ing asrama
Ereng tepi namada
Pereng sorring mandira gung
Kasupa sang resi kadhal
2. Wit ing nguni wus wineling
Ing tembe arsa winarah
Rasa rahayuning layon
Mama nira tri ginagas
Ge age anyakuppa
Tyasnya dahat kelu kenjut
Kasor langenning dyah tama
3. Samana ing sajugari
Ri sedheng ireng papanggyan
Walang kadhak cangak bango
Neng pasaban saben saba
Yata bango ris nabda
Lah ta dwi sanak sireku
Paran supe patembayan
4. Tembayanning guru nguni
Tanggap cangak walang kadhak
Yen aku kadwi tan supe
Sarira tri ngarsa arsa
Wahyaning gyanta marak
Sayekti aku tumutur
Dupara purun kantuna
5. Sayektine ngeng tut wuri
Tebon janggut suku jaja

Janji maksih urip bae
 Lah samengko kadiparan
 Yogyane linaksanan
 Sareng sowan mring sang wiku
 Sekar pinuju ri sukra

6. Menyan sekar ngeng wus cawis
 Kari meri pisang sanggan
 Suruh ayu jambe wangon
 Gampil mengko angupaya
 Padesan datan kurang
 De rasul lan sekul wuduk
 Opor sawung mulus seta
7. Iku kalebu tan gampil
 Pangupaya myang pangolah
 Marma yen dhangon yogyane
 Pinasrahan mring sang tapa
 Arta tri semat sewang
 Mengka sarat rebut cukup
 Cakep jangkepping Wruhita
8. Bango tanggap lon nauri
 Mangkono ya wus prayoga
 Binabat lawan perlune
 Lah ta iki mumpung enjang
 Payo nuli budhalan
 Menak pasar solat kukut
 Koncattan tan tuk perlunya
9. Tandy budhal kukilo tri
 Sasarenggan jumentara
 Serong sineru iborro
 Royongan samarga marga
 Kandheg nampi ngupaya
 Mamrih kacakupping butuh
 Cacawis sarat sarana

10. Tebih tebih den ayahi
Saawrat awrat sinangga
Sing drengka derep kareppe
Pakantuk kawruh kang nyata
Nyatane gesangngira
Mestuti kadis kasebut
Jatum samanuljanah
11. Laku dadi pitukuning
Pancadan anggayuh swarga
Mangkana dungkap praptane
Ngasrama gya niyup sigra
Anjeng sorring mandora
Milang miling mingak minguk
Ngungak ungak doa gothaka
12. Samana sang kadhal resi
Wassing paningal wus wikan
Yen narbata nuwan mangke
Marma wit enjang sanega
Ngaglah neng midikkan
Kukussing dupa kumelun
Kengas nggayuh ngantariksa
13. Praptane wiwara sami
Trinaga gya uluk salam
Ndekem nalosor janggane
Mring sang resi sinauran
Wangal amuk salam
Lah padha manjingnga gupuh
Katri kaga dharakallan
14. Nusup manjing wiwaraglis
Prapteng ngarsa ngaras pada
Sang resi kadhal delingnga
Bageya sanak katiga
Ing laku praptanira

Myang wuri padha rahayu
Manambah tri kaga turnya

15. Sing pangastawa sang resi
Sadaya sami raharja
Semah anatapi rare
Makaten ugi sang tapa
Tetep basuki suka
Sang resi mesem nabdarum
Sayektine ya mangkana
16. Paran darunane sami
Kongsi lama lagi prapta
Wus dhahat kangen tyas ing ngeng
Tri kaga nambah tur rira
Dhuh dhuh sang dwijawara
Mugi ywa kirang pamengku
Kuciwa kiranging sedya
17. Amba tan bangkit atur wrin
Reribet witting darusa
Nanging sang tapa yektine
Dupara yen kasamaran
Mesem sang resi kadhal
Iya sayektine ngeng wus
Wikan witting kang daruna
18. Nanging yegya karya lamis
Tembung tan dhingini karsa
Menak kasiku dadine
Andheku kang katri kaga
Leres sabda sang tapa
Karma mbatri kongsi dangu
Dereng marak sang pandhita
19. Wis saking lama ngupadi
Lintuning sarat sarana

Lagya punika antukke
 Kirang langkepe sumangga
 Srah paduka sang tapa
 Mung sapala rebut cukup
 Cekappe gathuk tan gethang

20. Gya gelaran sekar mori
 Tannapyarta nawa samat
 Sinrahken aneng ngarsane
 Sang pandhita kagyat nyala
 Lah iku paran baya
 Raruba dadining dudu
 Rereged temah rubeda
21. Sira kabesturen dening
 Diadining muruhita
 Tinata tata sarate
 Saloka den wujudna
 Wus jamak kewan kathak
 Napak tilas kapiluyu
 Wahyu ginayuh lan arta
22. Piyarsakna ngong tuturri
 Tuturre para sarjana
 Keh guru dhukun paguron
 Paring wawarah wasita
 Sarat sarana bondho
 Yeku saka salang surup
 Ki murid kang tan nggrahita
23. Salang salang den suruppi
 Nlusup kakanthe kanthongnya
 Garogol gugal sematte
 Sing tan wikan wassing karsa
 Cipta ager antukka
 Wawarah wadining kawruh
 Wekasan dadi druhaka

24. Keh kyai guru kapipit
 Kapepet keneng pidana
 Saka wital jalaranne
 Marna padha kawruhana
 Kang kocap sarat srana
 Nisbat budi labettipun
 Prepanton tekat utama
25. Srana prabot sarat kanthi
 Ngelum laku gegandhengan
 Mangkene mungguh jatine
 Klasa iyoku gelarran
 Gelarring kawruh nyata
 Nyatakna den kongsi bentus
 Nglenggahi lir ing wasita
26. Sarat sirikking kang ngelmi
 Dinugi samprayogannya
 Wenang wajib beli nakon
 Mari pamorring kang rasa
 Ki guru lan muridnya
 Ing lahir batinne jumbuh
 Jejeg jodho jero jaba
27. Yayah rupa jroning carmin
 De kang sekul wuduk miwah
 Ulam sawung seta lirre
 Wuduk pan gurih mirasa
 Rasane rasakena
 Sawung sawangngen lan kalbu
 Mulus suci pethak memplak
28. Suruh ayu temu roso
 Weruha becik myang ala
 Mrih katemu wasse kang ros
 Jambe mapan yeku wohan
 Wohe wasita tama

Wangi ngambar njaba jro nrus
Narawang tan kawaranan

29. Ana maneh aran tindhih
Semat loro dhep adhepan
Tindhih pikukuh wredine
Pikukuh ing kawruh nyata
Semat sengsem ming prana
Ematna aywa kaliru
Kang madhep mantep aywa uwas
30. Mangkono ingkang kawarti
Wasitane guru kuna
Ngeng cakep sapakelehe
Marma ywa dadi tyassira
Sagungnging kang ruruba
Sawise ngeng tempa laju
Gawanen bali sinungna
31. Rabiya tanapi siwi
Ngeng wus bingah lamun sira
Bangkit nyakup sarah sane
Yata kang katri kukila
Anembah anuraga
Wali wali ngaras suku
Dhuh dewaning wijawara
32. Mugi kirang aksami
Sing cepet cupet tyas amba
Tan wikan wossing paseman
Katetah duk muruhita
Sarat saradan kantong
Tan wikan lamun mangkana
33. Resi nabda lah ta katri
Malih den padha weweka
Guru murid samya batte

Lirre yen guru tan nyata
 Kawruhe mung kinarya
 Met pakalih waton muluk
 Mlarati dadi mamala

34. Malah dadya darubekti
 Mring murid kang setya tama
 Temahan manggih kaduden
 Dudukane yekti bakal
 Ki guru kang anyandhang
 Marma guru aywa limut
 Mengeti wawarah kuna
35. Ugerring guru ginusthi
 Gagaran astha prakara
 Kang kontab ing ketamanne
 Juga tedhakking ngawiryana
 Kadwi bangsa agama
 Tri terahing tapa wiku
 Catur turassing sarjana
36. Panca parama gunasti
 Sud golongan wiro tama
 Sapta sugih kabegianne
 Astha terahing supatya
 Yeku tani temenan
 Do wajib nggon anggon guru
 Ugere uga tan beda
37. Dedalan astha prakawis
 Sayuga paramasastra
 Limpat ing kasusastranne
 Dwi parama kawi basa
 Katri ulah ukara
 Catur kang mardawa lagu
 Kapanca awicarita

38. Sad lebda lagening lungit
 Sapta panarawung kridha
 Astha sambega lahirre
 Lantip pasangnging grahita
 De pambepping kang dwija
 Jejeg ugerre ginelung
 Gelenggan astha prakara
39. Juga tresnasih murid
 Inganggep putra sewaya
 Dwi titi atul talaten
 Tri sungkan pamrih pasung wayan
 Catur sasmita tanggap wikan pasemonning semu
 Panca sepen panggrayangan
40. Sad lebda barang salirring
 Kagunan leh pongawikan
 Sapta tan nyedhak gunane
 Nyamah nyeba ngeserken liyan
 Astha datan alemman
 Mire merang yen ginunggung
 Anggung anar anuraga
41. Jatmika solah mrak ati
 Manteb ing sabarang karya
 Alus luwes wicaranne
 Ambeg rila paramarta
 Tama traping susila
 Yen sepi saking kadyeku
 Babasan guru agungan
42. Gunanne kinarya desthi
 Narithik rakit kemayan
 Kemat mrih mikat sematte
 Banggane kang muruhita
 Ngelmu den liru nudya
 Dupara bangkit pakantuk
 Lyan saking wening waspada

43. Murid den taberri mardi
 Mardawa laku myang jakat
 Yeku mangka dhadhasarre
 Wit iku dadi busana
 Nggon anggon kawruh nyata
 Laku pan dadi panuku
 Lah mangkono piyarsakna
44. Ngingirangi ngunjuk bukti
 Cogah yen tan ngelih ngelak
 Dene angirangi sare
 Ywa nendra yen tan karipan
 Acegah pangandika
 Mangsakala lamun muwus
 Kawawas wossing perlunya
45. Ngingirangi langen estri
 Ywa karem karamat sahwat
 Lamun tan banget kangenne
 Anyenyuda napsu hawa
 Lirre ywa ngumbarkarsa
 Sabar sareh den kaemut
 De jakatte kawruhana
46. Wajib jakating jisim
 Den wani ngesahken raga
 Budi narima jakatte
 Napsu rila myang legawa
 De ereh jakattira
 Tepa samaning tumuwuh
 Ya dahwen lan munasika
47. De jakatte rahsa yekti
 Eling kalawan waspada
 Cahya trang wening jakatte
 Urippe langgeng kacipta
 Lah iku lakonnana

Kalakonne nggayuh wahyu
Wahya sing pamesu brata

48. Mangkono kang kukila tri
Saka mantyan trusthanira
Katrosan dening sabdanne
Sang pinundhi pinandhita
Bango alon turrira
Dhuh dhuh dewaning wiku
Kukuwungnging pra nastapa
49. Den papan panembah yekti
Sayektine hamba katrinya
Nyenyet panyana tan darbe
Sing dhahat gung punggung mudha
Katunan saniskara
Marma tan liyan ngebun ebun
Wahyaning kang sabdatama

VI. MIJIL

1. Dhuh sang resi paran amba katri
Yen temah kadudon
Dahat doya tan wikan wekasse
Wasananing urip prapteng pati
Pati kang patitis
Tetes tatas putus
2. Titis leres leressing pangesthi
Kang kesthi mulya wening den
Tetes mulya pancerring tujune
Tatas suci sampurna ing pati
Putus wangsul pulih
Mulih malih rampung

3. Lah tuntunen tuduhan ing margi
Margining kang anjeg
Kasampurnan jati satuhunne
Aywa kongsi kalimput ing benjing
Jala jajil jail
Ngajak manjing limut
4. Lumut lumut limit dening dhemit
Dhedhet aneng panen
Yen kadhadha temahan maleset
Mesem alon ngandika sang resi
Luwih sih ing gusti
Purbane mring makluk
5. Darurane wikannana dhingin
Paran kang dadya wos
Pikir kesit ura ngen angene
Kang kalumprah jamaking keh urip
Wis kadheseg saking
Kekurangan butuh
6. Kurang betah duwa ngamal lahir
Sagung katon melek
Tur ta iku rencana yektine
Lamun datan kawawa nyelakki
Nyela nyela yekti
Dadi aru biru
7. Kang mangkene yegya den pektemi
Paran kang binebet
Madhepa tanapi ngungkurake
Lamun sira yun bangkit nambuhi
Reregeding lahir
Den santeseng kalbu
8. Bubukane sabar nrimeng batin
Tan penganan anan

Barang pelag elek suwarnane
 Rila denya tega marang pati
 Sisip den singgahi
 Cipta maharija yu

9. Nanging iku pan kuciwa maksih
 Mamrih karahayon
 Wil mung nyipta mulyaning dhewekke
 Mungkur mikir marang anak rabi
 Gethang rumeksaning
 Wajib lahirripun
10. Marmanira kang luwih prayogi
 Kacakuppa karo
 Lahir suka tentrem ing batinne
 Butuh anak rabi tan ngreganni
 Cipta temah wening
 Wenang nggayuh wahyu
11. Bango matur dhuh sang maha resi
 Ing sabda tan linyak
 Nanging paran dadya jalaranne
 Andupara lamun amba katri
 Tuk rejeki luwih
 Tumrah semah sunu
12. Sing sangsaya pangupayeng melik
 Keblat catur padeh
 Pan jinagan ing ari ratrine
 Pager kala rinaket narithik
 Rawa kalon kali
 Sanadra sinerung
13. Ngupa baga tyassengga runggi
 Datan jenak neng udon
 Kadhang dereng pethuk wader pece
 Wus ginusah binalang ing janji
 Janji yen tuk melik
 Melek minta pandum

14. Jeleh bosen tiwas wira wiri
Turut galeng blethok
Resi kadhal mesem lon delingnge
Kang mangkono wus jamak king urip
Rebut met pakelih
Liru asor unggul
15. Tur yektine keh kahanan iki
Nemu sarwa dados
Pepak gumlar Hyang Widhi karsane
Gungging ngumat anggaduh asami
Tan wenang ngebekki
Liya Hyang Maha Gung
16. Nging reh mengko tataning pra peksi
Remen apadudon
Dhaku wenang ngecuppi adarbe
Sungguh kaya yasane pribadi
Sing aringkih kandhah
Kang santasa ngukup
17. Ya marmane sayaga sireki
Padha arimeng batos
Eklas pasrah nyuwun mring kang darbe
Papanduman kanthi masuh diri
Nyadhong sih ing Gusti
Wahyaning wahyu gung
18. Lamun mantep pangidhep pireki
Yekti sida dados
Hyang Wisesa tan nisih adille
Sapa nrima katarima yekti
Weruh den weruhi
Jrih sinihan tamtu
19. Nanging kudu sinartan ing teki
Mrih tekan kalakon
Puja iku lan brata kanthine

Walang kadhak majeng nyela aris
 Inggih kyai mugè
 Keparenga ulun

20. Nyuwun wulang rehing laku brangti
 Kang kedah linakon
 Amba dhadhat kumacelu mangke
 Tampi sih nugrahaning Widhi
 Tuwuk miwah bukti
 Mlebar semah sunu
21. Sing salama cingkrang sarwa sarwi
 Ri ari anglayeng
 Mung lumayan antuk jampi luwe
 Mamma angga lalu alum agring
 Wulu elar brindhil
 Brondhol lesah lesu
22. Beda lawan bango cagak sami
 Lema seger tinon
 Wis narimah pangan saantuke
 Keyong kraca besusul binukti
 Yen amba tan sudi
 Apes kedah welut
23. Bango nambung alah sira iki
 Bisa angacemong
 Lawan guru matur tanpa gawe
 Gawe wirang ngesorken sasami
 Mung murih den sihi
 Mangkono tan patut
24. Cinelakken ngrembug barang kardi
 Inggang gawat wados
 Cagak nyela bengan sira dene
 Paribasan cedhak sarpa mandi
 Wurung nyuket yekti
 Nyelak sida nyembur

25. Yen rembugku ginusah anuli
Dimen mentar adoh
Yen tan saguh marrenni watake
Walang khadak biyas mundur nuli
Ndekepi neng wurining
Bango sarwi nyetung
26. Ngucap alon lah sanak ywa dadi
Ing tyas sira karo
Aku datan nedya salah gawe
Dene mau ngong matur mring kiyai
Saking pikir lali
Ge age angundhuh
27. Roh wawarah pangupayeng bukti
Kang gampil linakon
Wit kabutuh kaluwen wus suwe
Yata resi kadhal nabda aris
Wis kendella sami
Bali kang rinembug
28. Lamun sira yun nggayuh wahyaning
Wahyu sing Hyang Manen
Wiwittane sawatara rinne
Ngungurangi cegah nendra bukti
Nebih among resmi
Lan oklassing kalbu
29. Gya nglekasi ngalaya ing ratri
Wit surya tan katon
Nuju marang kang sepi papanne
Pasa mbisu tyas kang eneng ening
Ngeningken kang kosthi
Paran kang rinayun
30. Den tatali ing cipta ywa lali
Enggaling satemen

Praptaning byar rahina sirage
 Siram marang tempurraning kali
 Poma saben ratri
 Den kalakon lamun

31. Ndungkap kawandasa ratri nuli
 Yen wayah sirep wong
 Den waspada sira ngulattake
 Ing wawarnan tanpa wisma ranning
 Peksi gunem pikir
 Kang karaseng kalbu
32. Ngadat datan kongsi satu ratri
 Trinimeng Hyang Manon
 Paring ilham pilihing margane
 Kang cinipta luwih sih ing Widhi
 De yen wus antuk sih
 Tyas den suka sokur
33. Katri kaga nambah matur raris
 Mugi den kalakon
 Amba bangkit ngluhurken warahe
 Bangkit gayuh papasihing Widhi
 Iya ngeng aminni
 Den kongsi kapangguh
34. Mangke yoga dumugekken malih
 Babaganing layon
 Kang wus mesthi linakonon ing tembe
 Sagung umat datan kena mungkir
 Sumingkir sing pati
 Ing kitap kasebut
35. Bubukane kawruhana dhingin
 Trap pangulah layon
 Yektekena Pangeran kodratte
 Sing ngamantep pan sinung wrin

- Wrikan wahyeng wanci
Wataranning layu
36. Pra sarjana ahlu olah ngilmi
Wus karya pasemon
Mbenjang lamun wus perak praptane
Rikiyamat Gusti Allah nuding
Malekat Jabrail
Mring donya tumurun
37. Kinen mundhut drajad dasa warni
Mangkono kacriyos
Juga mundhut barkatting bumine
Kadwi mundhut adilling narpati
Tri tapaning resi
Dene kaping catur
38. Kinen mundhut drajatting kang ngelmi
Pan kinarya asor
Pin nem Wiku wigar sutapanne
Sapta sanak kadang kang trasnaning
Ping astha Winami
Apan kinen mundhut
39. Ing wirangnge pra peksi pawestri
Kakung kadya wadon,
angeppira pan wus datan pae
Kaping nawa kinen mundhut maning
Immaning pra mukmin
Dene ping sapuluh
40. Mundhut sastra rah seng kitab suci
Alkuran cineplok
Yen wus iku mulya tumedhakke
Keh bebaya bebendu nekani
Nir watekking peksi
Kewan saminipun

41. Kang kadyeku kawruhana yekti
 Yektine wiraos
 Yeku pralampita satuhune
 Kang kajarwa jarwanne hakiki
 Kikissing dumadi
 Dene wredinipun
42. Rikiyamat kiyamatting dhiri
 Yun andungkap layon
 Juga yeku ngibarat annane
 Owah ing rupa warna cahyaki
 Nguni ayu pekik
 Temah pucet sayub
43. Dwi ngibarat bunarring pangeksi
 Bureng banur mawor
 Arum arus tan beda gandanne
 Swara sera lamat lamat myarwi
 De kedalling lathi
 Kithal grathul grathul
44. Tri ngibarat kang jatmiko kentit
 Ngen angen tempuh wor
 Kawur kawur kawerran marasse
 Kaping catur yeku ngibaratting
 Epeh ingkang budi
 Budayane kukut
45. Kaping panca ngibarat ciptanir,
 Kekerraning batos,
 Kang kaping nem yeka ngibaratte,
 Mur kang karasaning napsu wahyaning
 Tandha ndungkap wanci
 Badhe sidho ipun
46. Kang kasapta ngibarat kuwurring
 Ciptanira dhompo

- Supe marang ing kahanan kabeh
 Kaping astha ngibarat tirdhi
 Pangrasa ngoncatti
 Wit reh renggang sampun
47. Kaping nawa yeku ngibarattng
 Nir raos rumaos
 Tanpa ngrasa wit ginggang rahsane
 Ping sadasa yeku ngibarattng
 Pramana cahyeki,
 surem sirep surup
48. Marmanira den samya mamardi
 Dadining waspaos
 Wossing tenggran ing lahir bathinne
 Tenggran batin yen sirarsa uning
 Ironing eneng ening
 Ngalela kadulu
49. Dedalane sing rupa pribadi
 Rupa urub yektos
 Urup saking urip tanna liyane
 Mung sayuga yeku pribadining
 Ironing donya iki
 Nadyan kathah manuk
50. Bango cangak walang kadhak angling
 Marma tanna dhompo
 Mapan iku dadi pasoksenne
 De patrape yen sira yun panggih
 Kang panggah ywa wigih
 Lenggah sila timpuh
51. Datan pae lenggah ing sellati
 Cipta maya mawor
 Gumulung neng pancorring rasanne
 Musthi rupa warna pribadining

Iyeku ananning
Uni nong ananung

52. Ana maneh trapsileng samadi
Lenggah sing ga dhedhek
Dwe suwiwi angrangkul jengkunne
Dhengkul rapet tepusing dariji
Sinipat mersiki
Tepung pucuk pucuk
53. Ironing eneng ening awas eling
Jumbuhna ywa keren
Sastra cetha luluhna rahsanne
Yen wus menpan ngadat bangkit panggih
De tengran kang keksi
Kasat ing pandulu
54. Juga lamun sira wus ningali
Barang warna elok
Lirre ilu ilu ilat mele
Sabangsane ingkang sarwa gaib
Tondho dungkap wanci
Pan kirang satahun
55. Keno yegya sami amiwitti
Nata traping batos
Mindeng brata lan sabar rilane
Narimeng tyas mrih temen utami
Pakaremman pinrih
Sirmanne sadarum
56. Dwi kalamun sira wus miyarsi
Swara kang kawiyos
Ing salama durung mirengake
Kayata kang swara setan myang jin
Berkasakkan sami
Bangsaning lembut

57. Yeku kirang samadya warseki
 Kikissing kang layon
 Yegya sami ngegungna krumatte
 Myang tilasat mrih tindak utami
 Titi ngati yati
 Marang gesangngipun
58. Kang kaping tri yen wus sartun warni
 Wawarnen kang tinon
 Non ngawiyat nuju ing wulanne
 Sura Sapar kawistara abrit
 Ing Rabingulakir
 Miwah wulan Mulud
59. Hyang Basonta meles comong keksi
 De kalamun anton
 Hyang Sudama nuju ing wulanne
 Jumadilawal jumadilakir
 Dumeling kaeksi
 Kresna sirattipun
60. Wulan Rejeb myang Ruwah yen meksi
 Tirta brit sumeret
 Siyam Sawal miyat wayanganne
 Ing pribadi wus dadi kakalih
 Sela Sakban sasi
 Langking kanang latu
61. Yeku kirang dwi candra kang janji
 Yegya kang linakon
 Awasiyat riwayat tegesse
 Paring warah wuruk myang weweling
 Lirring wasitabi
 Doling suci ayu
62. Yen tinekuk pamungguling driji
 Cakar rira karo

Mepet rapet neng ngepok epoke
 Gya ingangkat kang jajenthik manis
 Yen kangkat ta kongsi
 Kendha kaping catur

63. Yeku kirang catur dasa ari
 Dungkap prapteng layon
 Sedheng samya gelarran samanne
 Myang aminta aksamane sisip
 Marang kang sok serik
 Pinrih eklassipun
64. Panca lamun driji cakar kalih
 Kawawas wus kalong
 Miwah pegat ugel ngelarne
 Yeku kirang sacandra kang janmi
 Sedheng nrapken ngelmi
 Kasampurnanipun
65. Sad kalamun myat warna pribadi
 Temua patemon
 Kirang madya candra antarane
 Yegya nuli pinuja ing puji
 Saben arsa guling
 Kalanireng dalu
66. Pinrih lulut luluh dadya siki
 Suci sampurna mer
 Nunggal lawan pancerring ngurippe
 Kaping sapta sepen napsu bukti
 Nir wus datan pengin
 Temah tita tudhuk
67. Yeku amung kirang pendhak ari
 Rasa sru kalesan
 Mangka nuli tobatta den age
 Gayeng saben pendhak wungu guling

- Nalangsa mrih suci
Socanning dattipun
68. Astha lamun keketog kedutting
Cakar wus tan kraos
Netra kanaka nir premanane
Pamiyarsa sirna garebelging
Srep pucukking parji
Janji pan wus tutug
69. Dungkap mancat praptaning kang ari
Kiyamat den tanggon
Gya nucekken sagung anasire
Agal lembut kinemat mong siki
Kukut sarahsanning
Pullan gesangipun
70. Gugulungan pikekah ing ngelmi
Kukut ngracut temen
Tobat ngamat nucekken rahsane
Mbaba pasrah nalongsa mring Widhi
Iki ngeng wijenni
Wijang jatnipun
71. Gya tri kaga majeng ngarsa resi
Mengleng semu mengo
Karna kiri gung anelingake
Cipta tanggap dumeling kapyarsi
Rahseng wasitadi
Dening ulah layu
72. Byar narawang kawangwang uwosing
Wahyu kang kawiyos
Katri kaga anglos nrus driyane
Tanpa krekata supe sakalirring
Wawarnan kang keksi
Sanak somah sunu

73. Sling kapranan kang prana tampi sih
Pasih ing Hyang Manen
Ngaras pada sarwi len ature
Dhuh sang dwija amba ngraos yekti
Terus wus asuci
Mulya jatinipun
74. Sirna sagung rarasan jro urip
Sirep tan na raos
Mapan namung nikmat mumpangate
Mesem alon ngandika sang resi
Bagya sirantuk sih
Sihing Hyang Maha Gung
75. Nging ywa age gancang anggagahi
Agahan salah ten
Mung katonton enak kapenake
Begalanne tan den kawekanni
Benjang yen praptari
Sakaratil mangdat
76. Keno kathah rencana kang prapti
Wit sing napsu dados
Neka warna warah pangarahe
Ana katon guru yayah wibi
Sanak semah siwi,
weneh putri ayu
77. Ayun jarak iman pinrih lali
Linglung lalu keren
Kang kadya kaparan wekassanne
Mbok kongsiya tinggal awas eling
Yekti grup eblis
Kablusuk mring pecung

VII. PUCUNG

1. Marmanipun/dhihin wajib wruh siroku
Pangruktining angga
Gayeng tepung lan pangesthi
Esthinira tan beda lan mesu puja
2. Janjinipun/yen wus kraos dungkap layu
Luyutting jiwangga
Liyep ing netra mekassi
Sira nuli met papan mapan sareyan
3. Mepet napsu/sidhakep tunggal kang suku
Suwiwi kalihnya
Tumumpang jaja madyaning
Sipat grana tepung pucuk pucuk cakar
4. Buntut turut/cucuk mingkem den na gathuk
Erem ming kang netra
Wahyaning uswa den ririh
Ngarah arah panarikena rekasa
5. Napas mupus/anpas tan napas ginelung
Gulung dadya juga
Tinarik ambal kaping tri
Yen wus kempal kumpulna neng lintang johar
6. Ywa kasusu/supadya tan kongsi kungsui
Yen wus sareh tata
Tarikken minggah manginggil
Prapteng jaja jenakna ywa kongsi ura
7. Tyas den enut/matting rahsa kang kinukut
Ing panyidhikara
Rarassing mangulah jati
Titakena yen wus tentrem tanna krasa

8. Uswanipun/unggahan neng batal makmur
Mer lawan pramana
Pana den yitna sireki
Iman Takit makribat Islam esthiya
9. Aywa keguh/tyas kang tangguh panggah puguh
Den gagah bregagah
Teteg tatag ywa gumingsir
Ngligas rasa rana sarat pangruwat
10. Wit ing ngriku/nodhong praptaning rubiru
Ngrubung gara godha
Anggegiro memedeni
Amemengin mandaya mamrih milu ta
11. Mrih kalimput/kalempit kelu kalunglun
Kalap ing paparang
Jro urip datan methukki
Beka begal babaya gawat kadycka
12. Ywa kaliru/pana pamawas sing kalbu
Pambukaning wrana
Panakna ywa kongsi lali
Lah delingna sira sun tuturi padha
13. Kang rumuhun/anuneng aning ananung
Kang mangka pangruwat
Ruwetting rasa sakalir
Nuli uning ananing ana sajuga
14. Lah ya iku/ran Sastra jendra martayu
Datting Hyang Suksmana
Cinitreng angga nireki
Gya tepungna lan rahsaning dwi kalimah
15. Aren iku/jati ananing uripmu
Kang kurup dwi astha
Esthanen ananireki
Yen wus luluh linawed dadya sajuga

16. Juga wujud/kang alip murtangalimun
Wakit wahyuning Hyang
Jejeg jroning enur singgih
Wulu suku dadya tekad kang sanyata
17. Wus kacakup/sagung wawarah sang wiku
Kumandhang neng dhadha
Ngandika malih sang yegi
Kwruhana yen uswa rasa pramana
18. Wus pul kumpul
samadhaning batalmakmur
Si suku kanangrah
Ginulung minggah manginggil
Pating griming lir likatten rasanira
19. Wit kalimput/kang rasa dereng kinukut
Raket tan wittira
Mulih mring wasesa jati
Lah mangkono patrapping panyidhikara
20. Iya iku/peoma ywa kongsi kaliru
Maneh kawruhana
Yen wus dungkap pantaranning
Mangsa kala eneatting atma sing raga
21. Gya kadalu/praptaning kang aru biru
Cahya moncawarna
Genti genti anglimputti
Pwa ra munggal kahanan lan cahya mulya
22. Mulya wangsul/pulih sangkaning duk wau
Jumeneng pribadya
Jroning ngalam mulat gaib
Nukas wiji gaib samar jarwanira
23. Wus amengku/ananing kahanan sagung
Lah wis katri sanak

Sira padha ngaso dhingin
Iki wus meh anggagat bangun rahina

24. Menyang pungkur/kana ana balumbang gung
Padha motta mina
Sira tri den anak bukti
Aywa taha tampi sugata man nira
25. Yen wus tuwuk/baliya mreng ngeng wuruk
Witting ananira
Sangkan purwanning dumadi
Kang sumadya tan samar papaning lama
26. Nembah dheku/katriga matur nuwun
Wus longsor gya medal
Mring wuri reng sapraptaning
Tepi tliga arsa met manissing mina

VIII. DHANDANGGULA

1. Kawursita nenggih kang kaga tri
Dupi prapta tepining balumbang
Dahat kacaryan driyenne
Anan weningnging ranu
Dhadhasarring beji kaeksi
Keh mina sami mijah
Sidhat welut mungup
Urang urang watang ngambang
Sepat sili wader pari riwa riwi
Bandeng blanak lumembak
2. Walang kadhak tyas tan sangga runggi
Gya agahan njegur manjing tliga
Mrih mina ing sasukanne
Ngiwa manengen nucuk
Saking luwe wus lungse wanci

- Wit wingi datan nadhah
 Nglantur prapteng dalu
 Bango miyat mesem lingnya
 Lah ta cagak dulunen solah ireki
 Si dremba walang kadhak
3. Kaya kaul dupeh den lilani
 Mring jeng kyai mangan tanpa kira
 Tinggal duga watarane
 Cagak ewa sumahur
 Dikapakna tan bangkit mari
 Wus dhasar pikir rucah
 Parandene umuk
 Saguh arsa tarakbrata
 Ngungurangngi nadhah nendra pinrihatin
 Yen nyata sida medar
4. Walang kadhak api tan miyarsi
 Enak nucus mina nengen ngiwa
 Kongsi mbalendhang telihe
 Bango cagak sru muwus
 Heh ta walang kadhak sireki
 Teka dahat daluya
 Baya durung tuwuk
 Wadhukmu kongsi badhadhag
 Mbokya eling mina iki ngen ingening
 Kagungan sang ngatapa
5. Mangan teka tan dugi prayogi
 Tuduh lamun kukila alasan
 Tan wruh praja susilane
 Walang kadhak sumahur
 Nyambi nyucuk kang wader pari
 Lah sanak den sakeca
 Ngen ta gunem nyatur
 Ngong rungokno karo nadhah
 Tolah tolih kebake kurang sathithik
 Dimen bangkit sapasar

6. Sigong ingkang kinondha ing tulis
Mangke genti ingkang cinarita
Kang samya kantun pantine
Somah tanapi sunu
Biyang walang kadhak lan malih
Biyang cagak samana
Dahat ngayun ayun
Ing praptane lakinira
Kongsi lama den nya padha ngupa bukti
Teka tan nana prapta
7. Biyang kadwi mara mring unggyan ning
Biyang bango wus samya papanggyan
Rasan rasanan lakine
Kesahnya teka nglantur
Marassing tyas mbok wonten margi
Kandheg beka begallan
baya myang pakuwuh
Paran dennira ngupaya
Biyang bango alon dan nira maurri
Biyang cagak den sabar
8. Pandugaku lakimu tan kongsi
Yen manggiha babaya neng paran
Wit bebarengnan lungane
Lawan bapakne gendhuk
Jare sowan ngarseng sang resi
Kadhal kang nungku brata
Neng sor mandira gung
Adat pikirku tan kena
Yen Kongsiya ana sandhunggan nekani
Andhingini karasa
9. Balik paran karepnira kalih
Den upaya tannapi ing ngentyan
Ing kene kongsi praptané
Biyang cagak sumahur

Yen sambada ing sira kalih
 Mungguh pang limbang ngingwang
 Sayogya rinuruh
 Tembung tan na daluwarsa
 Bagya lamun neng paran samya basuki
 Ywa dadya paran tetah

10. Biyang walang kadhak anyambungi
 Bener pikirira kang mangkana
 Lah payo budhallan age
 Mumpung ini sih esuk
 Mesakake sutanta cilik
 Kongsiya keneng panas
 Katrinya gya ngrasuk
 Bebektan perluning marga
 Sawussira sampat gya budhallan sami
 Katri gayuh gagana
11. Aburrira royongngan samargi
 Repot ribet babektan myang suta
 Dupi surya lingsir sore
 Dungkap gyan kang tinuju
 Katri bareng maniyub sami
 Jujuk sorring mandira
 Gya ngularri pintu
 Erong samana wus panggya
 Biyang katri umarak tepining kori
 Sami lon aturrira
12. Kula nuwun sowan namba katri
 Nyuwun pirsu punapa sang tapa
 Kaleres wonten dalemme
 Kawarna sang awiku
 Pan rus wikan lamun ing jawi
 Wonten tatamu prapta
 Mangkana gya metu
 Prapteng kori guwa nabda

- Lah ta payo banjurra sami humanjing
Katrinya dha rakallan
13. Praptaning jro wusnya tata linggih
Biyang bango kang lenggah neng ngarsa
Sila ndhekukul jangganne
Wurinira sumambung
Biyang cagak jongok alinggih
Timpuh anangku suta
Nangis sarwi nusu
Dene wurinira pisan
Biyang walang kadhak slonjor donnya linggih
Dwi suwiwi saduwa
14. Resi kadhal mesem sarwi angling
Lah bageya katri praptanira
Baya padha ana gawe
Kang tinanya umatur
Sowan hamba ngarsa sang resi
Sing sami sru sungkawa
Ginubel ing sunu
Sudarmanya samya kesah
Ngupa boga apan sampun catur ari
Nglantur tan nana prapta
15. Kongsu mangkin tyas asangga runggi
Mbok neng paran kasandhung babaya
Mugi tuwan marengake
Amba nyuwun pituduh
Kawontenan ingkang sayekti
Yektine laki amba
Pernah dunungipun
Papa tannapi raharja
Resi nabda nut potangnging ila duni
Sira ywa wancak driya
16. Den pracaya pasrah mring Hyang Widdhi
Lamun katri lakinira padha
Suka basuki yektine
Nanging samangke durung

Prapteng mangsa sami amulih
 Taksih sinengker ring Hyang
 Tembe kalamun wus dungkap prapteng mangsa kala
 Ywa sandeya tyas sira sun kang nanggupi
 Ngupaya panggih ira

17. Marma sira den sarenta sami
 Aneng kene kongsi praptanira
 Ngiras padha ngasokake
 Labet mentas lelaku
 Kapenakna nggyan padha linggih
 Ywa nganggo taha taha
 Katri matur nuwun
 Biyang bango lon turrira
 Nuwun kyai sasamben ngiras ngentos
 Ambarga nyuwun berkah
18. Sarat srana ugerring ngalaki
 Kang supadya bango laki amba
 Bangkit jenak tungkul tyasse
 Ywa tansah karem ngluyug
 Kaleyengngan supe ing wanci
 Leres lamun kesahnya
 Mrih cekapping butuh
 Antuka kedhik myang kathah
 Bruk pathuthuk datan darbe pikir silib
 Sang tapa lon ngandika
19. Kawruhana yen laki niroki
 Dadi lanang pan wus prayoga
 Weruh ngenggonni wajibbe
 Rumeksa somah sunu
 Ngupa nipkah ywa kongsi laiop
 Prakara temen lungan
 Terkadang anglantur
 Sayekti ana wittira
 Ya mulane den bisa sira ngrawuhi
 Wit ing karenannira

20. Lah ing mangko sira sun tuturri
 Yen lakimu muju prapta lungan
 Sira mirapet tindakke
 Sandhingana yen lungguh
 Pernah kiwa rada kapering
 Ringa trapping susila
 Kang resepping semu
 Jatmika sasolah bawa
 Cipta tanggap pasmonno semu malatsih
 Mrih asih ing lakinta
21. Tyas sumarah barang reh ywa kongsi
 Nyongkah nduwa kang njalarri cuwa
 Tumindaka sakarsane
 Katon kang bangun turut
 De cawissan sira ywa lali
 Barang karemmannira
 Nyang kasukan nipun
 Rumangsaa yen tinitah
 Dadi wadon wadon wadinira wadi
 Wadining kakungngira
22. Sira wajib rumeksa ywa kongsi
 Kawadaka marma ingarannan
 Paostri iku tegesse
 Paos rerenggannipun
 Tri tetelu jarwane yekti
 Rengganira tetiga
 Kadarbe ing kakung
 Tan kena sira suminggah
 Siyang ratri sumaos karsaning laki
 Jer wus den suguhona
23. Basa bejo bejo den arani
 Beja yeku susuguh sanyata
 Ana paseksanne maneh
 Wit kuna mulanipun

Karsaning Hyang praptaning mangkin
 Wadon pinerah ngandhap
 Kakung aneng ruhur
 Yeku pasamon sanyata
 Sanyatanne wadon kawisosong laki
 Lah iku rasakena

24. Ing sababe sira kudu wedi
 Lan miturut ing reh barang karsa
 Yeku dadi leliRUNNE
 Sasanggemmaning kakung
 Weku ijab marang sireki
 Kaseksen wali sanak
 Myang tuwan pangulu
 Kakung datan kena selak
 Ngupayakna bukti lawan angemahi
 Myang wajib nuronnana
- 25.. Lamun nana wadon mbog kumani
 Saya lamun yen kakungnge ngalah
 Parun jejarah aranne
 Kabondan mring Hyang Agung
 Kapindhono dosa mring laki
 Pangeran tan ngapura
 Mring wadon kang bosur
 Nadyan lakine narima
 Awit kakung winenang dadya sesulih
 Mengku murba wasesa
26. Swarga nraka gumantung ing laki
 Marma sira ngati ati padha
 Ywa gegampang sabarang roh
 Sun puji mring Hyang Agung
 Amarengna muga sireki
 Dadya wanodya tama
 Den awas lan emut
 Sundukking duga prayoga

Lan watara kira-kira aywa lali
Mangka pawitannira

27. Nora susah pawitan mas picis
Mapan dudu adon adinnira
Mrih nunggal lair batinne
Biyang bango umatur
Nuwun inggih sabda sang yogi
Berkah tuwan mugyamba
Bangkat liring tuduh
Pitedah kang mrih utama
Biyang cagak saking wuri anambungi
Dhuh kyai nuwun amba
28. Pinaringan brekah sang ngayegi
Kang supadya laki amba cagak
Mantunnanna cengkikingnge
Sareh ywa sugih napsu
Wit wateke tan kaprah peksi
Putungngan barangassan
Lan amba sring padu
Padudon rembag tan misra
Kang makaten njalari sudaning kang sih
Sihing wadon mring priya
29. Amba nuwun lakimba den kongsi
Komot kuthuk aywa sok nggalathak
Thithik thithik amethentheng
Sang wiku mesem muwus
Biyang cagak amindho kardi
Man ngong wus sajarwa
Uger wajibipun wadon, rinengkuh ing priya
Ngeng wus wikan yen watekmu mula wani
Kumini marang priya
30. Dadi sira tan ngenggeni wajib
Paran bangkit tuntutan sih siniyan
Jer sireng kah mung menange

Lakimu kinen nungkul
 Yeku ran tan wruh bener sisip
 Ngendelken bangkit ngucap
 Pikir ngeyel mberung
 Ya mulane wekassingwang
 Marennana yen sira mrih den asih
 Warahku siranggowa

31. Kaya kang wus kajarwa ing ngarsi
 Ewadehe reh wus saring sulaya
 Yen na mrih ninggal becike
 Nuli bangkit tut rukun
 Linayanan ing puja puji
 Lah kene umajuwa sireku ngeng wuruk
 Yen sira maju pandangan
 Lan priyanta mataka pramana aji
 Mangkono emellira
32. Salalahu ngala wasalami
 Muhammad Kadim Allah unyata
 Kang jumeneng neng panerre
 Paningalku satuhu
 Tetep manjing marang pancerring
 Netrane laki ningwang
 Den langgeng sihipun
 Ing ndonya prapteng ndelahan
 Lailahu Muhammad rasul Illahi
 Ya Ullalahu Akbar
33. Do kang perlu jinungkung ywa lali
 Lamun sira nuju pulang raras
 Ciptanen sajro caremmo
 Wawassen jroning kalbu
 Den kongsiya cumithak dadi
 Saplak lan warnanira
 Lakimu sajumbuh
 Aji iku lakonnana

Pasa mutih tri ari pungkasan nyepi
Ngeblong sadalu pisan

34. Nembah mundur biyang cangak sarwi
Matur nuwun gya mbok walang kadhak
Sumela maju ngarsane
Sang wiku sarwi matur
Nuwun kyai parengna mugi
Paring tumbal myang jimat
Supadya si dhawuk
Capuk gerangwalang kadhak
Mantunnana denny remen liyan pawestri
Mring semah datan doyan
35. Kethuk kuwel kesede ngliwatti
Biyang ngebyangan sukannya ngethoprak
Enjang mantuk bruk angorok
Yen amba susul turu
Den sog oseg datan ngalisik
Nglilirre sareng ndhupak
Celak datan ayun
Tangi gregah dandan pangkat
Njujug warung ngiras bedhangnge ngladosi
Kranjangan tanpa wirang
36. Resi gumujeng ngguguk sarwi ngling
Kalinganne biyang walang kadhak
Ngong sajarwa satuhune
Ywa dadi tyas sireku
Ya marma kalinta kongsi
Mangkono trep tindaknya
Sireku kang luput
Jer pikirmu wangkal nglungka
Datan pisan mardi wadining pawestri
Kang mrih resepping priya
37. Bener bae lakimu tanapti

- Nyerakana jer sira kaliwat
 Wadhag wagu kethoh wadheh
 Basengut ulat sebut
 Crobo crabak tanpa sesirik
 Wawalerring wanita
 waton doyan klebu
 Kang mangkono marennana
 Lan tuntunneng kang talaten mardi sirik
 Besus nanging prasaja
38. Ana sarat yegya den lakonni
 Nanging saru tumrap wadon lumrah
 Wit mung mardi mrih nikmatte
 Ngarah kiwul salulut
 Anganggowa tarekah lahir
 Jamu sapasar pisan
 Saben bangun esuk
 Ratengngan barambang lanang
 Pontilling lasa babakan dlima sawit
 Myang sarem sawatara
39. Pinipis winer saberuk warih
 De tapel lemet taren puluttan
 Jeram pecel sasawitte
 Kedhik winarran candhu
 Tapel tepung kempungireki
 Latah mbok walang kadhak
 Talah sang awiku
 Wassing wawadi kawiyak
 Cak cok sajahanne wus nate nilikki
 Mbok cangak nambung lingnya
40. Bener kyai dhawuhe kadyeki
 Jer rupamu pasmonne katara
 Ngebreh jedhe, waloh tlebeh
 Wolu kondho amesum
 Andupara laki sireki

Resepa pulang raras
 Jer ceciblon kungkum
 Marma nuli rek tennana
 Ngrukti raga supaya wiwing aramping
 Kiyat akas talangkas

41. Nadyan kisut kakasuttireki
 Yekti keket kesat asat kisat
 Bisa kecap panggregutte
 Biyang bango anyendhu
 Lah ta biyang cangak sireki
 Neng ngarsane sang tapa
 Teka kandhan saru
 Biyang cangak jongak lingnya
 Mbogya ngaran aku mung sadremi
 Babar dhawung sang tapa
42. Mangsa ndadak karsaa sang resi
 Medhar ngeblak terang tur pratela
 Kaya ujarring ngong kiye
 Sathithik aku urun
 Lir warahe guruku nguni
 Wus kanyatan ngong coba
 Tan mindho ping telu
 Sira ngupayaa beras
 Soka nandi dinar kancana myang kendhil
 Anyar liwetta sigra
43. Lamun arsa ndhungkap anyileppi
 Gya cincingnga saruhur wantisnya
 Sarwi kang rema ingere
 Maca slawat ping telu
 Nuli donga kabul kaping tri
 De kang bakal lawuhan
 Ya saananipun
 Nanging kudu sarattana

- Nora ketang sethithik metta cecindhil
Dheplakem kongsi lambat
44. Mor lan rempah ywa kongsi katawis
Yen wus rampung sira adandanna
Sarwa prasaja semune
Rakitten cawissanmu
Yen lakimu wus arsa bukti
Lungguhe cedhakana
Awasna yen muluk,
telep pisan barengana
Ing kamayan esthinen sajroning batin
Mangkono omellira
45. Bismillah irohmannirohchim
Niyattingsun barengi manjingnya
Kalimat jati kodratte
Karmaku ya karmamu
Rasaningsun rasanireki
Atma si tetep tunggal
Keket langgeng kumpul
La iloalillalla
Wussing bukti sarana sira dhingini
Mring senthong atetebah
46. Nguni adat kang wus klakon nuli
Anututti manjing ngajak nendra
Lamun den uja kareppe
Ngereppi njaluk tanduk
Tumanduking bedhor nemoni
Mbok walang kadhak ngakak
Katuju tyassipun,
kongsi kaniyak wadinya
Kawistara dhedhasar karem saresmi
Dremba kakung tan taha

47. Yata alon ngandika sang resi
 Lah katrinya padha sumuruppa
 Kang mangkono iku kabeh
 Kena ngaran pangapus
 Papaessan sajroning urip
 Nging mungguh jatinira
 Ugerring kang perlu
 Wadon rinengkuh ing priya
 Wajib wruha sarahsaning laki rabi
 De mungguh jarwanira
48. Basa rabi rabab wredinneki
 Den kang laki laku jarwanira
 Anglakoni sabarang roh
 Nut sumarah ing kakung
 Kang supadya dipun rahabi
 Yeku jodhonira
 Kang rasa wus mantuk
 Neng papaning sowang-sowang
 Kawruhana paran wadining pawastri
 Tanggap karsaning priya
49. Lawan priya sengsem mring pawestri
 Mapan iya mulane mangkono
 Wit pawestri sayektine
 Amengku rahing kakung
 Kang ngarannan eroh lapi
 Dene priya kanggonan
 Rohing wanodyaku
 Iya roh sukci arannya
 Marma lamun priya umiyat pawestri
 Myang wadon miyat priya
50. Napsu obah kumudu nanggapi
 Yen sepenna ewuh pakewuhnya
 Saking katarik dayane
 Kang roh adreng yun mantuk

Jro saresmi aliru pulih
 Marma ran pulang raras
 Wus samono cukup
 Balik iki wus andungkap
 Mangsakala pinareng lakimu prapti
 Lah sira meneng padha

51. Sun susulle benne nuli bali
 Yata sang tapa ngeningken sigra
 Amuntu cipta rasanne
 Mepet saliring napsu
 Tri bawana kinukut sami
 Ngikut sagung jajahan
 Manjing ngalam limut
 Kang kari raga ragangan
 Gya sang resi nuksmeng cahya marang wuri
 Arsa panggih tri kaga
52. Kawarnaa kang samya udon warih
 Bango cagak lawan walang kadhak
 Tri dahat kapiteng tyasse
 Anen cahya narawung
 Amrabenni sakubeng rawi
 Sor prabeng diwangkara
 Dupi miyat ruhur
 Sang resi katon ngalola
 Lenggah mungging jro cahya sarwi melingi
 Lah ta sanak katrinya
53. Ingsun prapta nusul mring sireki
 Kawruhanta yen somahmu padha
 Bebarengan tri praptane
 Kawistara wulangngun
 Mring sireku temah ngulatti
 Katuju lampahira
 Ingsun kang jinujung
 Mangke nganti aneng ngarsa
 Wus antara jejagongngan lawan mami
 Ana kang nganthi suta

IX. KINANTHI

1. Wus nya ngandika sang wiku
Sakedhap muksa tan keksi
Yata kang katri kukila
Mitenggenggen donnya meksi
Sing pangrasa lir supena
Puwara katresnan sami
2. Bango cangak mingak minguk
Walang kadhak tanpa budi
Tyasnya bawur bunar buyar
Wussing rada enget sami
Bango nebut ngudu bilah
Minassaiton nir rojin
3. Apa kang katon ki mau
Emperre kaya jeng kyai
Lenggah jroning cahya mulya
Walang kadhak anaurri
Mokal kalamun sang tapa
Yen pandugaku memedi
4. Utawa ratuning hantu
Kang tunggu talaga iki
Cangak nyentak wuwussira
Ya bener kiramun kuwi
Iku mau ratunira
Sagung mina jro raweki
5. Yun muring balanipun
Keh kalongngo sira bukti
Marna iku karsanira
Arsa males mring sireki
Utang pati nyaur pejah
Wit manganmu tanpa dugi

6. Den ngati ati sireku
Ywa selak yen pinrih lalis
Walang kadhak dhelak dhelak
Tyas angles luhnya dres mili
Sasambat lah priye cagak
Mengke yen kongsi nekani
7. Mbokya aku minta tulung
Rembugmu ingkang permati
Apa yegya nuli mentar
Mengko gek dipun tututi
Yen ngong bangga mesthi kalah
Ah cagak kapriye iki
8. Bango kapingkel guyumu
Anon mring peksi kakalih
Cagak dene teka bisa
Cara godha memedonni
Karya marassing sasanak
Marma welas aningalli
9. Wasana lon wuwussipun
Lah walang kadhak sireki
Ywa dahat maras tyas sira
Reh wus ngrumangsani sisip
Tan liyan ing samangke padha
Enggal marak ngarsong resi
10. Ing kana kang wajib tulung
Sira pasrah pati urip
Walang kadhak katon lejar
Samana tri kaga nuli
Sareng budhal arsa marak
Tan na dangu tri wus prapti
11. Ing ngarsanira sang wiku
Walang kadhak lenggah wuri
Pekungkungan trapsilannya

Labet katuwuken bukti
 Tolih bengkah mayag mayag
 Ulat biyas tyas kumitir

12. Rasa angon angon kukut
 Bubrah budayaning budi
 Cipta uwas semu semang
 Pamikirre solan salin
 Ngono luput ngono salah
 Tambuh tambah den antoppi
13. Lenggah nyadhoku ndekukul
 Tan miyating kanan kering
 Rabinira jajar lenggah
 Parandene tan hudanni
 Kang mangkono pan wus jamak
 Keh ing para nyandhang sisip
14. Sirna pamawassing kalbu
 Kajaba pikir kang montir
 Montor pangikalling nalar
 Yata ngandika sang resi
 Ngong sawang si walang kadhak
 Kaya ana kang pinikir
15. Katara semoning semu
 Sononno angataranni
 Mangkana bango turrira
 Nuwun duka sang Maharsi
 Punika pun walang kadhak
 Sowan atur pati urip
16. Rumaos luputte muput
 Duk wan wonten ing rawi
 Wikan cahya gegawangngan
 Ing jro suwara melingngi
 Kanyana ratuning mina
 Tanapi kang tengga rawi

17. Mbelani mina kang lampus
Yun mrih wewalassing pati
Kang binukti walang kadhak
Mangkya sumangga sang resi
Pun walang kadhak sumarah
Ing reh nadyan prapteng pati
18. Wonten ngarsane sang wiku
Suka rila anglampahi
Sang tapa mesem ling ngira
Lah walang kadhak ya uwis
Aywa akeh kang rinasa
Mung iku dadya pepeling
19. Kabeh satindaking laku
Ywa tinggal dugi prayogi
Watara myang kira kira
Ywa kongsi nemahi sisip
Maneh sira sinaua
Ana ta pikir mrih mintir
20. Tyas kaget tan temah bingung
Linglung kelangan ciptaning
Apa dene sira cangak
Rungokna pitutur mami
Prayogane akokadang
Den rumeksa lahir batin
21. Aywa sok dhemen bebidhung
Kudhung lulang macan mrih
Mot sukaning tyas terkadhang
Ngadhang adhang antuk melik
Kang melok melok pinalak
Mangkono datan prayogi
22. Ngelingnga wredi sadulu
Sa siki dulur lestari

- Tetep langgeng dadya juga
 Sih tresnane lahir batin
 Sepi kang rasa pangrasa
 Trapping tepa den anggenni
23. Katri kaga pareng dheku
 Kaluhuran sabdeng resi
 Sang tapa malih ngandika
 Lah ta sanak sanak katri
 Kang lungguh wurimu sapa
 Samana tri bareng nolih^a
24. Somahnya neng wuri lungguh
 Gya bago binago sami
 Asung warta winartanan
 Sawusnya satata malih
 Bango ndheku aturrira
 Nuwun punika jeng kyai
25. Keng abdi pun biyang gendhuk
 Somah amba nusul mriki
 Ing mangke sumangga tuwan
 Kaparengngipun paring sih
 Nuntun warah waritarja
 Harjeng awal prapteng akir
26. Ngandika sang maha wiku
 Luwih parenging Hyang Widhi
 Kasembadanning sun bisa
 Nenuntun kang mrih utami
 Utamane rabinira
 Lir warah ngong mrih sireki
27. Balik nguni sun wus sanggup
 Arsa mbabar kawruh jati
 Sajatining anannira
 Saking wit prapteng dumadi
 Anging dhikin yogya padha
 Ngrembug paran den antepi

28. Bango nguni sira muwus
Kayungyun ayun ngrungkebbi
Tatanan yen Nabi mulya
Muhamma Rasul Illahi
Tumindak tindaking sarak
Kang kalaku pra muslimin
29. Mot kadis jeng nabi rusul
Mangkono luwih prayogi
Paran sira wus andungkap
Sarat rukun wenang wajib
Batal karam parlu sunat
Socaning agama sukci
30. Bango gumuyu tumungkul
Aturnya lon Allah kyai
Sacuwil pan dereng wikan
Wengku neng agama suci
Ing batos mung ngarah arah
Mbok pinareng anglampahi
31. Mangke sumangga pukulun
Yogyane amba mostuti
Ngluhurken agama mulya
Mesem ngendika sang resi
Alkamdulillah yen sira
Temen temen yun ngrungkebi
32. Sun pupuji mring Hyang Agung
Sira pinarengna mug
Lah ta mara umajuwa
Lungguhmu ingsun jarwanni
Sagaduging kawruh ingwang
Babagan agama sukci
33. Mrih suci jiwangga besuk
Bagya yen bangkit nyukuppi

Orane dadya tataran
 Lumayan kinarya wiji
 Anggayuh kawruh kang nyata
 Dhihin kang wajib den wruhi

34. Rukunning agama rasul
 Kudu kudu den lampahi
 Juga sadat kadwi jakat
 Tri salat gangsal wektyeki
 Catur pasa wulan ramelan
 Panca wajib lunga kaji
35. Dosa adat tegessipun
 Maca kang kalimah kalih
 Iya iku Asaduan
 Lailahailohlahi
 Lawan Wa asadu anna
 Muhammad rasul lilahi
36. Tekitting tekad jro kalbu
 Tan nana Pangeran kalih
 Aliya Allah kang murba
 Kang akarya bumi langit
 Lawan saisi sadaya
 Langgeng datan ewah gingsir
37. De Gusti jeng Nabi Rasul
 Nyata kekasih Hyang Widdhi
 Dinuta kinen mencarna
 Tatanan agama sukci
 Praptaning ngari kiyamat
 Liyanna saraya udi
38. Jakat yoku tegessipun
 Masung marang pekir miskin
 Papriman den rila eklas
 Myang jakat mrih donnya sukci

Nut panatanning petangan
Kalakonna saben warsi

39. Do kang salat limang waktu
Luhur Ngasar lawan Mahgrib
Ngisa Subuh waktu pajar
Parlu ngabekti Hyang Widdhi
Ngrasa tinitah kawula
Wajib ngesti lan jrih asih
40. Saking sujud limang waktu
Sayekti ana rukunna
Tatanan batal myang karom
Sun babarre mangke wuri
De puasa wulan Ramlan
Muput jangkep tri dasari
41. Yeku ngluhuri karukun
Duh kangjeng Panuttan Nabi
Mempen siyam neng jro guwa
Lawasse jangkep sesasi
Sapisan Sawal luwarran
Ing satengah kawdal malih
42. Kurmat tumurunning wahyu
Al Kuran saking Hyang Widdhi
Ana jro sawulan Ramlan
Tumaruntun ari ratrj
Sing Mekah prapteng Madinah
Tetep jangkep jus tri desi
43. Lunga kaji marang ngarbun
Ing kana ngran tanah sukci
Pasareyanning jeng duta
Lan padalemman Hyang Widdhi
Yeku kang ngaran Bettollah
Muslimin jiyarah wajib

44. Tur ngesahken tekaddipun
Sineksen Imam Sapingi
Donnya nut agama mulya
Ing samengko amballenni
Sarat rukunning ngibadah
Kang dhihin wajib susuci
45. Dalem Al Kuran kasebut
Dhawuh ing Hyang Maha Sukci
Ya Ayuallah dina
Amamudi dakum tummi
Ha shalatti paksila
Waju akumwa asadi
46. Yakum Ilalmaro piku
Wamsaku biru wasikim
Warjulakum Hkanda
Ani de wrediniroki
Den eling pra mukti padha
Wektyare sira nglakonni
47. Sholat kang mangka siroku
Isih kadas kudu wajib
Wudu sesuci lan toya
Padha masuha rarahi
Ngusap mbun embuning sirah
Masuh astanira kalih
48. Den kongsi prapta sesikut
Malih sukunira kalih
Den warata prapteng tungkak
Dene yen panuju lagi
Junub mong ka wajib siram
Kalamun tan nana warih
49. Winenang siram toya mum
Mangkono dhawuh Hyang Widdhi
Kalane neng ngalam arwah

Tanapi neng ngalam janji
 Marang para roh sadaya
 Iyoku rohing pra mukmin

50. Para Nabi lan waliyu
 Mukmin Muslimin lyan kapisir
 Yektyoku wus padha iman
 Mengeti janji duk nguni
 Aneng donya linaksanan
 Sujud ngabekti mring Widdhi
51. De pra kapisir kupur limut
 Tan arsa madeg sholatti
 Tatanan jeng Nabi duta
 Karana rohe duk nguni
 Ana jroning ngalam arwah
 Tan mireng dhawuhing Gusti
52. Tungkul pijer lingak linguk
 Bareng neng donya dumadi
 Kena sunarring papadhang
 Padhang ingkang ngapiranni
 Tyasnya korup karem ngiwa
 Kang kawangwang mung branadi
53. Saweneh ana kang manut
 Nanging mung katonning lahir
 Ing batinne kapisir kawak
 Yeku munapek rannoki
 Pangrasanne tan keninggan
 Kang murba yun den apussi
54. Dene perlune mot wulu
 Sapisan amasuh rai
 Nuceni rereged muka
 Den ta madhep donya iki
 Lan denta ningalli ahyar
 Yeku papaessing ngurip

55. Do kang kaping kalih ipun
 Masuh asta kanan kering
 Perlu nuceni regednya
 Saking sesuker myang nangis
 Denny nggondhelli mring sasama
 Gumantung sameng dumadi
56. Dene kang kaping trinipun
 Ngusap mbun mbunan lan warih
 Kuliting sesirahira
 Perlu nuceni labetting
 Donnya wus ngasorken raga
 Marang bondaranireki
57. Ping catur nuceni suku
 Tunggak dalamakkan kalih
 Yeku mrih sirna regednya
 Sing labet bangsaning siti
 Tumindak nut napsu hawa
 Yeku budya serran noki
59. Do kalamun sira junub
 Mangka sira wajib nuli
 Mrih sirna suci regednya
 Den nya wus luput nglakonni
 Remen mring liyaning Allah
 Tur ta iku amlaratti
59. Sira dustanna piwulu
 Lawan toya tadwa bakti
 Nalangsa nyuwun ngapura
 Mring Gusti kang Maha Sukci
 Kang supadya ngakir mbenjang
 Ywa kalakotan suker jis
60. Isarah jeng Nabi Rasul
 Kasebut ing dalem Kadis
